

Premye Swen

Poze san nou epi kenbe siti�asyon an sou kontwòl

Lè yon ka ijan rive, li enpòtan anpil pou nou konnen ki jan nou ka fè fas ak pwoblèm yo youn pa youn. Sa ap ede nou gen lespri nou klè, pou konnen ki sa nou dwe fè an premye.

1. Rale yon gwo souf. Yon moun ka fasil kaponnen nan ka ijan. Men lè nou poze, se lè sa a nou ka fè yon bon travay. Epitou, sa ap kalme moun ki blese a, ak lòt moun k ap gade; sa ka fè yo santi tout bagay sou kontwòl.
2. Mande tèt nou: eske nou an sekirite kote nou ye a? Si gen dife, si lari a chaje ak moun, oubyen si gen lòt danje, deplase ak moun ki blese a ale yon kote ki an sekirite. (Si yon moun te kase kou li oubyen do li, fòk nou pran anpil prekosyon avè l lè n ap deplase li. Deplase l san nou pa kite kou a ak zo rèl do a ni panche ni kwochi. Al gade nan paj 22 - 23).
3. Trete pwoblèm ki pi grav la an premye. Menm si nou pa konnen kòman blesi a fè rive, premye bagay pou nou fè se kontwole pou wè si moun nan ap pran souf. Pran souf se lavi. Aprann ki sa pou nou fè si yon moun mal pou pran souf. Si yon moun mal pou pran souf, al gade nan paj 6.
4. Lè nou fin kontwole souf li, gade pou wè si li pa p pèdi san. Si li pèdi twòp san, sa ka touye l. Al gade nan paj 9.

Proteje tèt nou


Pran prekosyon pou nou pa sal kò nou ak san oubyen likid ki soti nan kò yon lòt moun, pandan n ap pran swen yon moun k ap senyen.

- **Lave men nou pi souvan ke nou kapab.** Si genyen ti san ki antre nan je nou oubyen nan ti grafouyen sou po nou, rense l byen rense. Sa ka anpeche nou atrape enfeksyon.
- **Kouvri je ak po nou.** Mete linèt ak gan ki pwòp, si nou genyen yo. Si pa gen gan, nou ka mete sak plastik. Al gade nan Ki jan pou nou Okipe Moun Malad (chapit sa a pokò ekri) pou nou aprann ki jan nou ka pwoteje kò nou kont mikwòb maladi.



5. Lè malad la ap respire byen epi li pa pèdi twòp san, kontwole tout kò li pou wè si li pa gen lòt kote nan kò a ki blese, oubyen si li pa gen zo ki kase. Kòmanse depi nan tèt li, tyeke devan ak dèyè kò a, rive jis nan pwent zòtèy li. Poze li kesyon avèk jantiyès. Egzaminen tout kò li, epi manyen kò a dousman pou wè si li pa genyen lòt blesi ki poko parèt. Sa rive anpil fwa kote yon moun gen plis pase yon sèl blesi.
6. Fè ti pale ak moun ki blese a yon fason pou l ka santi n ap pran ka li. Li gen dwa sou emosyon, oubyen li ka gen yon bagay k ap fè l mal. Si nou ka kalme li, sa ka fè souf li ak batman kè li tounen nòmal.

Kontwole respirasyon li tanzantan. Gade pou wè si li pa p senyen. Si gen posiblite pou nou kontwole tansyon li, fè sa tanzantan. Yon moun ki blese ka sanble anfòm, men nan yon ti tan touswit, li ka rete konsa, epi li vin byen mal. Kontinye pale avè l. Konsa n ap rekonèt si l ap depale, oubyen si l ap dekonpoze.



Lè genyen yon aksidan, anpil fwa gen yon foul moun ki kouri vin gade. Mande yo pote nou lanmenfòt. Moun otoritè yo ki gen gwo vwa, mande yo debleye kote nou memm ak moun ki blese a ye. Voye yon moun chache konkou bò kote doktè. Oubyen voye li chache twal pou pansman, oubyen voye l al chache dra. Si nou bay chak moun kichòy pou li fè, sa ap ede yo kalme tèt yo. Konsa nou ka rive fè tout sa nou gen pou fè. Si gen anpil moun ki blese, al gade nan Dezas ak Refijye (chapit sa a poko ekri) pou nou konnen ki moun nou dwe pote sekou an premye.

Moun ki blese a ka petèt ede tèt li. Pifò moun k ap pèdi san, yo ka fè fòs sou pwòp blesi pa yo (paj 9). Sa ap okipe lespri li. Epi sa pèmèt nou kontwole pou wè si li pa genyen lòt blesi. Oubyen nou ka al pran swen lòt moun ki blese.

? **Mande** moun ki blese a si li gen doulè, pati kò li ki mouri, oubyen si li mal pou bouje.

Mande oubyen gade pou wè si li pa gen pwoblèm pou l pran souf, oubyen si l ap toufe. (paj 5).

Gade pou wè si li pa p depale, oubyen si li mal pou pale. Sa ap ede nou konprann si li blese grav. Aprann ki sa pou nou fè si li pèdi konnesans. (paj 4).

- Siy sa yo fè nou konnen li ka soufri antòs, zo kòt kase, oubyen lòt zo kase (paj 26 ak 29 - 36). Si li santi anba kò li mouri, oubyen si tout kò li mouri, se ka zo rèl do a ki kase (paj 22 - 23).
- Si li gen yon doulè k ap mòde l è l ap pran souf, se ka yon zo kòt ki kase (paj 26).
- Si souf li wo, lestomak li lou, si nou tandé ti bri souflèt lè l ap respire, se ka opresyon. (Al gade nan Pwoblèm Respirasyon ak Touse: chapit sa a pokò ekri.)
- Anpwazonnen ak pwodwi chimik, oubyen twòp medikaman ka ba yon moun pwoblèm pou l pran souf (paj 46 - 48).
- Sa rive fasil pou yon moun bwouye lè li fè aksidan. Men si li pa ka pale klè, li endispoze, epi li rete bwouye, se ka yon siy ki montre li blese nan tèt (paj 23 - 25); oubyen li sou oubyen dwoge (paj 48).
- Si yon moun pa ka pale klè oubyen li pale yon jan dwòl, se ka yon donmaj nan sèvo li soufri, yon konjesyon serebral. Eske li gen yon bò figi li ak tout yon bò kò li ki fèb, ki tonbe? Al gade konjesyon serebral, chapit Pwòblèm Kè ak Tansyon (paj 20).
- Si yon moun bwouye osinon endispoze, se ka yon kriz dyabèt l ap fè (paj 49).

? **Gade byen:** èske l ap pèdi san, èske li gen anfleman, mak ble, mak wouj sou kò, oubyen genyen kote nan kò a ki defigire? Fè konparezon yon bò kò a ak lòt la. Pa egzanp, si yon janm pi kout pase lòt la, li ka kase.

- Aprann ki sa nou dwe fè si l ap pèdi san (paj 10 – 12).
- Aprann ki sa nou dwe fè pou zo kòt kase ak zo ki kase (paj 26, e 29 - 33).
- Si li anfle, si li gen mak ble oubyen wouj, li ka senyen anndan kò a. Voye je sou li pou wè si li p ap dekonpoze (paj 11).


? **Manyen** li tou dousman, tèt li, figi, kou, do, dèyè ak devan kò, bra, ak janm li yo. Eske genyen kote ki sansib, ki fè mal, ki mouri? Wè si li pa gen zo ki deplase. Si moun nan te tonbe, si li blese nan aksidan machin, oubyen si li te ka blese zo rèl do li, manyen chak ti zo rèl do li, depi tèt li rive jis nan fant dèyè li.

- Aprann ki sa pou nou fè si li te ka blese nan tèt (paj 23 - 25).
- Si nou kwè li ka blese nan tèt, kou, oubyen rèl do a, anvan nou deplase moun nan, aprann ki jan pou nou okipe yon moun ki blese nan kou oubyen nan rèl do a (paj 22 - 23).

Lè yon moun pèdi konnesans

Men sa ki ka fè yon moun pèdi konnesans:

- Chòk (paj 11)
- Blesi nan tèt (paj 23)
- Kriz kè (paj 28)
- Konjesyon serebral, fè kout san (al gade nan chapit Pwoblèm Kè ak Tansyon, paj 20)
- Anpwazonnman (paj 45)
- Kriz (paj 51)
- Endispozisyon gwo chalè (paj 57)
- Twòp alkòl oubyen dwòg, oubyen twòp medikaman (paj 48)




Si yon moun pèdi konnesans epi nou pa konnen ki sa ki kòz sa, tyeke pwen sa yo touswit:

1. Eske li pran souf byen? Si non, kage tèt li sou dèyè nèt, epi rale machwè ak lang li monte. Si gen yon bagay k ap bouche gòj li, wete l. Si li pa p pran souf, kòmanse fè respirasyon bouch nan bouch pou li san pèdi tan (paj 7).

2. Eske l ap pèdi san? Si wi, eseye kanpe san an (paj 9).


3. Eske li anba chòk (po li blèm, li mouye, batman kè a rapid men poul la fèb)? Si wi, mete l kouche ak tèt li pi ba pase pye li, epi delage rad ki sou li.

4. Eske se endispozisyon gwo chalè ki te pran li (li pa swe men li gen gwo lafyèv, po a cho e wouj)? Si wi, mete li nan lonbraj, mete tèt li pi wo pase pye li, epi mouye tout kò a ak dlo frèt (dlo glase si nou genyen) epi fè van pou li (paj 57).



5. Si gen yon chans li blese nan kou a oubyen nan zo rèl a, li ta pi bon pou nou pa deplase ljis li reprann konnesans. Men, si nou oblige deplase li, fè sa avec anpil swen (paj 22), paske si kou a oubyen zo rèl do a kase, epi nou chanje li pozisyon, nou ka fè plis donmaj toujou.

Gade pou wè si li pa gen blesi oubyen zo ki kase, men, mezi nou kapab, evite deplase li. Pa panche ni kwochi do a oubyen kou a.



6. Si l ap pran souf, epi nou konnen li pa blese nan kou oubyen nan zo rèl do a, nou ka vire sou kote pou l pa toufe si li ta vomi.



Pa mete anyen nan bouch yon moun ki pèdi konnesans.

Respirasyon



Moun k ap toufe

Lè gen manje oubyen yon lòt bagay k ap bouch gòj oubyen kannal souf yon moun, epi moun nan pa kapab pran souf, nou di l ap toufe.


Si yon moun pa ka touse, epi li pa ka pale, sa fè nou konnen li pa kapab pran souf non plis. Nou ka sove lavi li si nou fè vit pote l sekou.

Aprann ki jan pou ede yon tibebe k ap toufe (paj 6).

Ba li kou sou do

Fè l panche kò li sou devan bò tay li. Ba li 5 kou nan mitan do a, ant omoplat yo (gwo zo pa dèyè ki atache sou zepòl yo). Sèvi ak pla men ou.

Si sa pa bay rezulta:




Peze fò e vit sou vant li

Kanpe dèyè do li. Pase 2 bra ou kenbe moun nan nan tay li.

Fèmen men ou youn ak lòt sou vant li, anlè lonbrit la, pi ba pase zo kòt yo.

Peze fò sou vant lan yon sèl kou, ba li yon soukous anba jis anwo. Fè l ase fò pou fè pye moun nan pèdi tè. (Pa fè l twò fò kay timoun pití.) Rekòmanse 5 fwa youn apre lòt.



Si genyen yon bagay k ap bouche gòj li, ki fè lè a pa ka antre nan poumon li, sa fòse lè ki nan poumon yo soti, epi sa gen dwa degaje gòj li.

Pou fanm ki gwo vant oubyen pou moun ki gra anpil, pase de bra ou kenbe moun nan nan lestimak li. (Mete men ou youn sou lòt nan mitan sen li yo.) Peze lestimak li yon sèl kou, tou dwat nan direksyon do a.

Si moun nan pèdi konnesans

Mete li kouche sou do. Louvri bouch li pou ou ka gade anndan gòj li. Si ou wè yon moso manje oubyen lòt bagay k ap bouche gòj li, pliye yon dwèt pou ou ka wete sa ki nan bouch la. Pa foure dwèt ou nan fon gòj li, pou ou pa pouse bagay la pi fon toujou. Epi peze monte fò e vit nan mitan lestimak la jis li pran souf ankò (paj 8).

Tibebe ki pokò gen ennan

Si yon tibebe ap toufe epi li pa kapab ni kriye ni touse, eseye debouche gòj li. Ba li kou sou do li; peze lestomak li.

Ki jan pou ou kenbe tibebe a

Kenbe tibebe a, fas anba, yon jan pou tèt li pi ba pase kò li.



Ba li kou sou do

Avèk pla men ou, ba li 5 kou nan mitan do li, ant omoplat yo (gwo zo pa dèyè ki atache sou zepòl yo).

Si tibebe a pa p kòmanse pran souf, vire li sou do.



Fè ti peze lestomak li

Mete 2 oubyen 3 dwèt nan mitan lestomak li—jis anba pwent tete yo.

Peze lestomak li, epi lage vit. Fè lestomak la desann 2 santimèt konsa. Rekòmanse 5 fwa, oubyen jis tibebe a pran souf.

Si ou pa kapab debouche kannal souf la, li mèt yon tibebe, yon timoun, oubyen yon granmoun, fè respirasyon bouch nan bouch pou li.

Moun k ap neye

Fè vit wete moun nan nan dlo a. Kòmanse fè respirasyon bouch nan bouch san pèdi tan (paj 7), epi kòmanse peze lestomak li (paj 8). Premye bagay pou nou fè se respirasyon bouch nan bouch pou fè lè antre nan kò moun nan.

Si moun nan vomi, mete li kouche sou kote. Sèvi ak dwèt nou oubyen ak yon ti twal; avèk anpil swen, wete vomi a pou sa pa toufe li.

Respirasyon bouch nan bouch

Lè yon moun sispann pran souf, li gen 4 minit pou l viv ase. Petèt ou ka sove lavi li si ou fè respirasyon bouch nan bouch pou li. Men sa ki ka fè yon moun sispann pran souf: li ka gen yon bagay ki kole nan gòj li, li te ka pran gwo kou nan tèt li, li te ka manke neye, li te ka pran nan kouran, li te ka pran twòp medikaman, oubyen li twò frèt (chalè kò li twò ba).

Si yon moun sispann pran souf, gen de fwa nou ka sove lavi li, si nou kòmanse fè respirasyon bouch nan bouch touswit pou li.

Ki jan pou ou mete tèt li

Mete moun nan kouche sou do. Rale machwè li monte, epi peze fwon an desann pou kage tèt li sou dèyè, nen li pwente tou dwat sou anwo.



Fè respirasyon bouch nan bouch

Fèmen twou nen li yo ak dwèt ou, pou lè a pa ka chape.

Mete bouch ou sou bouch li yon fason pou bouch ou kouvri bouch li nèt.

Soufle 2 fwa nan gòj li, dousman e byen fò.

Soufle jis ou wè kòf lestimak li monte. Si li pa monte, sa fè ou konnen lè a pa p rive nan poumon yo. Chanje pozisyon tèt la yon ti jan, epi eseye yon lòt fwa. Aprè chak souf, pran yon ti pòz pou kite lè a soti deyò.




Kontwole batman kè a

Lè ou fin ba li 2 souf, gade pou wè si li pa p pran souf li menm. Pran batman kè a bò kou a, oubyen mete zòrèy ou dirèk sou lestimak li, kote kè a ye.

Si kè li pa p bat, al gade lè pa gen batman kè (paj 8).


Si ou jwenn li gen batman kè, kontinye fè respirasyon bouch nan bouch pou li jis li ka pran souf pou kont li. Sa ka pran 30 minit, menm plis pase sa.



Lè pa gen batman kè

Pran batman kè a bò kou a (paj 7). Oubyen, koute sou bò gòch lestomak la: bò X la.

Si pa genyen batman kè, eseye fè li bat ankò. Kòmanse peze lestomak li. Fòk ou fè vit. Poutèt sa, si nou pa sèten si kè li ap bat, oubyen si batman kè a fèb anpil, li pi bon pou nou peze lestomak la (*réanimation cardiopulmonaire, RCP*).



Peze lestomak (*réanimation cardiopulmonaire, RCP*)

Peze fò e vit nan mitan lestomak la 30 fwa. Peze li desann tou dwat, fonse lestomak la 5 santimèt (2 pouss) konsa. Fè efò pou fè l vit, 100 fwa nan yon minit pou pi piti. Li pa nesèsè pou fè egzakteman 100. Men peze fò e vit!



Fè respirasyon bouch nan bouch

Lè ou fin peze lestomak la 30 fwa, ba li 2 souf byen fò nan gòj li jis nou wè kò lestomak la ap monte (paj 7).

Kontinye peze lestomak la epi fè respirasyon bouch nan bouch

Peze lestomak la 30 fwa; apre sa, bay 2 souf ki ase fò pou fè lestomak la monte. Kontinye sou menm lanse a. Gen de lè nou oblige kenbe la ap ba li souf pandan yon bon ti tan. Fè li jis moun nan ka pran souf pou kont li epi je li klè, oubyen jis nou konnen li mouri tout bon vre.

Chache konkou

Si gen posiblite pou mennen moun nan lopital nan yon ti moman, degaje nou. Pandan nou nan wout, toujou fè respirasyon bouch nan bouch epi peze lestomak la. Sa ap fè ògan kò a fonksyone jiskaske nou jwenn sekou.

Tout sa kapab reveye yon moun ki te pran nan kouran, ki neye, ki sibi yon gwo kou sou lestomak li, ki twò frèt, oubyen ki pran twòp medikaman.

Men si yon moun te fè yon kriz kè (kris kadyak), nou pa p fasil rive fè kè li bat ankò. Men nou mèt eseye, sitou si nou ka jwenn konkou doktè byen vit. (Pou aprann plis sou kriz kè, al gade nan paj 28.)

Genyen yon aparèy (*défibrillateur; defibrilatè*) ki sèvi ak chòk elektrik pou fè kè a pran bat ankò. Lè yon moun fè yon kriz kè ki fè batman kè a rete, gen de fwa aparèy sa a ka fè l bat ankò. Mande si gen yon aparèy konsa nan kominote pa nou. Chache konnen ki kote li ye, anvan nou bezwen li. Yo konn mete yo nan anbilans yo, oubyen nan batiman publik tankou nan yon kazèn oubyen nan yon gran otèl.

Lè yon moun ap pèdi san

Fè fòs sou blesi a

Si nou fè ase fòs dirèkteman sou yon blesi, jeneralman sa ap rete san an, menm si blesi a gwo oubyen si l ap senyen anpil. Si se tèt li k ap senyen, fè fòs sou blesi a epi al gade nan paj 25.

1. Leve pati ki blese a anlè, yon jan pou li pi wo pase kè a.
2. Pran nenpòt twal ki disponib, ki pa twò sal, pliye l pou fè li anviwon menm gwosè ak blesi a. Mete l sou blesi a epi fè fòs sou li. Montre moun ki blese a ki jan pou fè fòs sou blesi a li menm, si li kapab. Si blesi a gwo, mete twal gaz oubyen lòt twal anndan blesi a. Fè fòs sou li jis san an rete. Si twal la vin tranpe nèt ak san, pa wete l. Okontrè, mete yon lòt twal sou li. Si blesi a gwo, fè fòs sou li pandan 15 minit pou pi piti, san ou pa menm leve men ou pou wè si san an gen tan rete.



Lè san an prèske rete oubyen li rete nèt, nou ka eseye mete yon pansman byen sere sou kote k ap senyen an. Mete yon twal gaz oubyen yon twal pliye anndan oubyen sou blesi a. Apre sa, mare l byen sere ak yon pansman k ap fè fòs sou blesi a. Fè atansyon pou sere l ase fò pou rete san an, men pa twò sere pou l pa anpeche san an sikile nan manm nan.

Sa mande gwo efò pou fè fòs sou yon blesi pou fè san an rete. Pa lage!

Pa janm sèvi ak tè, gaz blan, lacho, oubyen ma kafe pou eseye rete san an.

Lè yon moun ap pèdi san, se yon pakèt afè. Li ka parèt kòmsi moun nan pèdi plis san pase kantite li te vrèman pèdi a. Men voye je sou moun nan byen pou wè si li pa bay siy ki fè konnen l ap pèdi twòp san.

SIY KI MONTRE GEN DANJE

- Li depale, li dekonpoze, li pèdi konnesans
- Kè li bat byen vit
- Po li blèm, li frèt, li mouye

Kou nou wè siy sa yo, mete pye li sou kichòy pou leve yo anlè, pi wo pase tèt li. Voye chache konkou pou trete chòk (paj 11).

Memm si nou pa wè siy sa yo, rete avè l, oubyen pase wè li chak 10 - 15 minit. Konsa nou asire tèt nou ke l ap fè mye, epi sa ap kalme moun ki blese a. Voye je sou li jis li fè mye epi tout bagay ap mache nòmalman.

Tounikèt (mare yon bra oubyen yon janm pou rete senyen an)

Si **finalman nou pa rive rete san an**, epi nou asepte pran chans pèdi yon manm pou sove lavi moun lan, se lè sa a nou ka sèvi ak yon tounikèt.

Sèvi ak tounikèt sèlman lè:


- **Aksidan an te koupe manm nan** nèt ale, oubyen li tèlman metri nou konnen san dout yo pa kapab sove l.
- **Yon bra oubyen yon janm ap senyen si fò nou pa kapab rete san** an lè nou fè fòs sou li. (Men poze tèt nou kesyon: eske nou te vrèman mete tout fòs kouraj nou?)
- **Li gen yon blesi grav nan kwis ki fon anpil**, tankou yon blesi ki fèt ak bal fizi, ak ekla obi (zam lagè), oubyen ak yon lòt bagay ki fonse byen fon nan vyann nan. Mete sou sa nou wè siy ki fè konnen l ap pèdi twòp san: li fèb, l ap depale, epi li blèm. (Gen de fwa, si se yon blesi nan yon gwo kwis, nou pa ka peze ase fò pou rete san an.)

Sèvi ak yon gwo sentiwon, ak yon bout twal pliye pou fè yon bann, oubyen ak yon aparèy tansyon. Avèk aparèy tansyon an, gonfle ponyèt la byen wo pou san an pa ka sikile. Pa sèvi ak kòd, fisèl, oubyen fil fè; y ap koupe po a.

Mennen li lopital, pi vit ke nou kapab. Genyen sèlman detwaz èdtan pou sove manm nan. Aprè sa, nou mal nou pou sove l.

Premye pwen:

Mete tounikèt **anwo, men toupre** blesi a. (Moun ka fasil mete tounikèt la twò lwen ak blesi a.)



Dezyèm pwen:

Vlope manm nan 2 fwa ak tounikèt la. Apre sa, bay li yon ne.

Twazyèm pwen:

Mete yon bout bwa solid sou ne a.
Bay li 2 ne an plis sou bout bwa a.



Katryèm pwen:


Tòde bout bwa a pou sere tounikèt la jis san an rete.

Senkyèm pwen:

Mare bout bwa a ak yon lòt twal pou l pa delage.

Chòk

Chòk se yon eta ki ka pote yon moun ale. Men sa ki kapab lakòz: li pèdi twòp san, li manke dlo nan kò a, li blese, li boule grav anpil, li fè yon reyakson alèji ki grav, oubyen li fè enfeksyon san. Chòk sa a se pa tankou lè moun pran yon chòk oubyen yon sezisman, lè yo pè, oubyen lè yo aprann yon move nouvèl. Chòk nou esplike la a, se lè kò a ap etenn, li pa p fonksyone ankò. Depi yon moun tanmen fè chòk, sa ka byen vit vin pi mal. Fè vit trete moun nan pou li pa mouri.




SIY POU CHÒK

- Moun nan pè, li ajite; apre sa, li depale, li fèb, epi li pèdi konnesans
- Li frèt men l ap swe, po li blèm, li frèt, epi li mouye
- Kè li bat vit, men pou la fèb
- Tansyon li ap desann.

TRÈTMAN

Chache konkou. Men sa pou nou fè pandan nou nan wout:

- Pi vit ke nou kapab, trete sa ki lakòz chòk la. Si l ap pèdi san, fè fòs sou blesi a (paj 9). Si li manke dlo, ba li sewòm oral (al gade nan Vant fè mal, dyare, ak vè, paj 22). Si se enfeksyon san ki bay chòk la, ba li antibiyotik touswit (paj 20).
- Si moun nan frèt, kouvri l ak lenn (oubyen, si li twò cho, wete rad ki pa nesesè sou li.)
- Leve janm li yo anlè, soutni jenou li.
- Si li kapab kenbe yon vè, ba li bwè dlo oubyen sewòm oral.
- Pran san nou; fè li santi tout bagay sou kontwòl.
- Pandan nou nan wout pou al lopital, mete li sou sewòm nan venn, oubyen nan twou dèyè (al gade nan Abilte Ajan Sante, chapit sa a pokò ekri).



Blesi


1. Fè fòs sou blesi a pou rete san an (paj 9).
2. Depi nou kapab, byen lave blesi a. Plis nou byen lave l, se plis chans nou gen pou evite enfeksyon. Pou blesi ki gwo, bay moun nan remèd pou kalme doulè a anvan nou netwaye epi anvan nou okipe blesi a. Ba li yon piki ***lidocaïne*** (lidokayin) (paj 85) sou rebò blesi a epi jis anba po a anndan blesi a. Oubyen ba li yon lòt remèd, epi rete tann li fè efè anvan nou okipe l.
3. Mete yon pansman sou blesi a. Fèmen blesi yo, oubyen kite ti blesi yo fèmen pou kont yo.

Netwaye tout blesi

Nenpòt blesi kapab enfekte, li mèt piti, li mèt gwo. Lave chak blesi byen lave.

Byen lave men nou ak savon. Apre sa, lave blesi a avèk 1 - 4 lit dlo ki pou koule sou li. Pa sèvi avèk dezenfektan (likid ki pou touye mikwòb) paske genyen dezenfektan ki fè yon blesi pran plis tan pou l geri. Si blesi a gen salte ladann, sèvi ak dlo savon pou netwaye l. Apre sa, rense l ak dlo senp.

Leve tout moso po ki ka leve pou netwaye anba yo. Pou yon blesi ki fon, ponpe dlo ladann ak yon ti ponp a men. Kite dlo a koule soti.



Oubyen nou mèt wete zegwi ki nan yon sereng, epi sèvi ak sereng lan pou ponpe dlo nan blesi a.

Oubyen, annik vide anpil dlo pwòp sou blesi a ak anndan li.

Lè n ap netwaye yon blesi, fè atansyon pou nou wete tout salte, sitou tè, ti bout bwa, oubyen lòt ti moso salte. Nou ka sèvi ak yon twal gaz ki esterilize oubyen yon moso twal pwòp pou netwaye l. Lè fini, rense l byen.

Ki jan pou nou okipe yon blesi

Lè yon blesi ap geri, pou evite enfeksyon, fè atansyon pou l toujou rete pwòp. Si li vin sal, netwaye l ak anpil dlo. Pou li rete pwòp, mete yon pansman sou li, yon bann twal gaz ki esterilize, fèy bannann ki lave, oubyen yon moso twal ki byen pwòp. Si nou mete siwo myèl sou blesi a, li ka anpeche l fè enfeksyon. Refè pansman an chak jou, epi lè li vin mouye oubyen sal. Li pi bon pou nou pa mete pansman ditou, pase pou kite yon pansman sou blesi a ki mouye oubyen ki sal.

Se pou nou voye je sou blesi a. Men siy ki fè nou konnen li enfekte: li vin wouj, li fè pi mal, li cho, li anfle, epi li gen pi ladann. Si nou wè siy sa yo, lave blesi a byen lave. Li ka mande pou nou louvri blesi a dousman pou netwaye l pa anndan. Fè atansyon pou enfeksyon pa gaye lòt kote nan kò moun nan (paj 19).

Ki jan pou nou fèmen yon blesi

Si se yon ti blesi, li pi bon pou nou kite l geri pou kont li. Nou pa bezwen koud li. Sa ki pi enpòtan se kenbe l pwòp.





Si blesi a gen plis pase douzèdtan depi sa rive, lave blesi a, men pa fèmen l.

Lè yon gwo blesi gen de rebò ki kontre byen youn ak lòt, l ap geri pi vit si nou fèmen l.

Pou fèmen yon blesi ki pa twò fon epi ki byen pwòp, sèvi ak pansman an papiyon, lakòl, oubyen pwen kouti.

Pansman an papiyon

Fèmen yon ti blesi ak bandaj adezif an papiyon.



Fòk po ki bò blesi a pwòp e sèch,
pou adeziv la kole byen.

Lakòl

Super Glue (soupè glou) oubyen *Krazy Glue* (krezi glou) se non mak pou yon kalite kòl ki byen fò (*cyanocrylate*), ki ka sèvi pou fèmen pifò blesi, menm jan ak pwen kouti, men travay la fèt pi fasil. Sèvi avè l lè nou ka wè byen klè ki jan de rebò yo kontre youn ak lòt. Sa pa mache twò byen sou men ak sou jwenti yo, paske yo fè anpil mouvman. Pa janm sèvi ak lakòl bò je oubyen bò bouch yon moun. *Super Glue* ka fè po a irite.

Premye pwen:

Fè atansyon pou nou byen netwaye blesi a, epi pou nou byen seche po bò kote blesi a.



Dezyèm pwen:

Fè de rebò blesi a kontre youn ak lòt. Kenbe dwèt ou yo ase lwen pou yo pa pran nan lakòl la. Mande yon moun sèvi ak 2 ti baton pwòp pou kenbe de rebò yo tou kole ansanm.

Twazyèm pwen:

Kenbe rebò yo kole ansanm; mete yon kouch lakòl arebò blesi a.

Katryèm pwen:

Kenbe blesi a fèmen pandan 30 segonn. Mete yon lòt kouch lakòl sou li. Rete tann yon lòt 30 segonn. Mete yon twazyèm kouch lakòl. Se pou chak kouch lakòl yon ti jan pi laj pase lòt yo.

Lakòl la va tonbe pou kont li. Lè sa a, blesi a dwe fin geri.

Ki jan pou nou koud yon blesi ak fil

Si blesi a long e li pa twò fon, oubyen si de rebò blesi a pa rete kole byen youn ak lòt, li bon pou nou koud li.


Mete rebò blesi yo kole ansanm. Rebò yo dwe yon ti jan pi wo pase po a; yo pa gen dwa fonse nan blesi a.

Chak pwen kouti dwe gen menm pwofondè ak menm longè sou de kote rebò yo.

Premye pwen:

Fè premye pwen kouti a dwat nan mitan blesi a. Pa pase zegwi a anba blesi a.

Si nou pa gen fil oubyen zegwi koube ki pou koud blesi yo, pran yon zegwi kouti nòmal. File zegwi a ak yon wòch pou file. Bouyi zegwi a, fil swa oubyen fil nayilonn, ak yon pens ki pou kenbe epi rale zegwi a kote po a di.



Dezyèm pwen:

Fè yon bon ne.



Twazyèm pwen:


Fè kantite pwen kouti ki nesesè pou fèmen tout blesi a.

Si blesi a fon, fè kèk pwen kouti nan vyann ki anndan blesi a ak fil k ap fonn pou kont li. Lè nou fin fè yo, fèmen po a. Si nou pa kapab fè sa, pa fèmen po a.



Kite pwen kouti yo la pandan 8 jou konsa (10 jou pou yon gwo blesi nan janm). Aprè sa, koupe fil la bò ne a epi rale fil la soti. Si nou konn pase tan ap koud rad, n ap pifò nan koze fèmen yon blesi ak pwen kouti.

Ki jan pou fè yon bon ne:



Blesi ki fon

Jeneralman, se pou nou kite yon blesi ki fon tou louvri. Si nou pa fèmen yo korèkteman, sa ka lakòz yo enfekte. Blesi ki chire, ki sal, ak blesi pike, nou gen pou lave yo 2 fwa nan yon jou ak dlo bouyi. Kite yo louvri, oubyen louvri yo ankò, pou yo ka geri depi anba rive sou anwo.

Blesi ki fon ka bay yon moun maladi tetanòs (maladi kò rèd) (paj 21). Bay moun nan vaksen kont tetanòs (al gade nan Vaksen). Ba li piki sewòm antitetanik tou (paj 73).

Si nou pa konnen si li ta bon pou nou fèmen yon blesi, kite l louvri.

Pa janm fèmen mòde bèt, tout blesi pike, ak tout blesi ki chire e ki sal.

Mòde bèt

Lave mòde bèt pandan 15 minit pou pi piti, ak dlo savon. Mòde bèt fasil pou anvlimen. Bay moun nan antibiyotik (paj 74).

Pou mòde chen, makak, chovsourit, ak rat dlo, bay moun nan vaksen touswit kont laraj, ansanm ak piki sewòm ki pou kraze laraj la (paj 74).



Laraj se yon maladi ki touye moun. Li aji sou sèvo a, epi li fè yon moun bwouye oubyen paralize. Nan detwa jou, li pèdi konnesans, Lè fini, li mouri. Lè yon bèt ki gen laraj mòde yon moun, li ka pran jis yon mwa oubyen plis anvan nou wè siy maladi a, men lè sa a li twò ta pou trete l. Si se ka laraj bèt la gen, epi nou pa jwenn ni vaksen ni sewòm ki pou kraze laraj, kontakte otorite Sèvis Sante Piblik touswit.

Menm si nou pa gen sewòm kont laraj, nou ka anpeche laraj vin sou yon moun si nou fè vit lave po a ak savon epi rense l byen plizyè fwa. An plis, bay yon seri vaksen kont laraj pi vit ke posib.

Kout kouto



Blesi ki fon ki fèt ak kout kouto, jeneralman nou dwe kite yo louvri, epi netwaye yo souvan. Bay **cloxacilline** (paj 65) oubyen **clindamycine** (paj 69) si nou wè yo vle enfekte.

Kout kouto nan lestimak oubyen nan vant ka grav anpil. Chache konkou doktè. Aprann ki sa nou dwe fè pandan nou nan wout, pou kout kouto nan lestimak (paj 26), oubyen pou kout kouto nan vant (paj 27).

Lè yon moun pran yon bal fizi


Swiv sa yo di pou nou fè pou rete san an: fè fòs—sou kote bal la antre ak sou kote l soti (paj 9). Si nou pa wè kote l soti, bal la toujou anndan kò moun nan. Fòk yo fè li operasyon pou wete l. Chache konkou doktè.




Antouka, se pou nou byen lave blesi a. Bay *cloxacilline* (paj 65), *clindamycine* (paj 69) OUBYEN *céfalexine* (paj 72).

Si li pran yon bal nan tèt, chache konkou doktè. Pandan nou nan wout, sèvi ak dra pliye oubyen zòrye pou leve tèt moun nan yon ti kras. Mete yon pansman pwòp sou blesi a.

Blesi pa bal fasil pou yo enfekte. Fè tout sa ki posib pou nou chache konkou doktè, menm anvan nou wè siy enfeksyon.



Si nou sispek li te pran yon bal nan zo, zo a ka kase oubyen fele. Fè yon aparèy ki pou kenbe zo a nan yon pozisyon fiks. Moun nan pa dwe sèvi avè l pou kèk senmenn. Pou aprann plis sou zo kase, al gade nan paj 29 - 33.



Enfeksyon

Nenpòt blesi kapab enfekte.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT ENFEKSYON


Yon blesi enfekte lè:

- li vin wouj, li anfle, li cho
- li gen pi ladann
- li kòmanse santi fò

Enfeksyon an kòmanse mache nan tout kò a lè:

- li bay lafyèv
- li bay glann ki anfle e ki sansib

Glann lenfatik se yon bann ti boul moun gen anba po a, ki sèvi tankou ti pèlen pou mikwòb. Lè yo enfekte, yo gonfle, epi yo vin mou.



KI JAN POU NOU TRETE ENFEKSYON

Netwaye blesi a byen. Gen de fwa nou dwe louvri yon absè, oubyen wete pwen kouti yo. Pou aprann plis, al gade nan Pwoblèm Po (chapit sa a pokò ekri). Si se yon ti enfeksyon tou piti epi l ap geri, nou mèt kite l geri pou kont li. Sinon, jeneralman li bon pou nou bay moun nan antibiotik. Ba li dicloxacilline (paj 66), céfalexine (paj 72), OUBYEN clindamycine (paj 69). Si blesi a fon anpil, bay vaksen kont tetanòs (al gade nan chapit Vaksen pwoteje nou kont maladi). Bay sewòm antitetanik tou (paj 73).

Si enfeksyon an pa vle geri, li ka pase nan san yon moun. Yo rele sa enfeksyon san (septisemi).

Enfeksyon san (septisemi)

Lè yon enfeksyon mache nan tout kò a, epi li pase nan san yon moun, se gwo danje. Chòk ka mete pye. Si nou sispèk moun nan ka endispoze, se pou nou chache konkou doktè san pedi tan. Pandan nou nan wout avè l, kontinye ba li swen.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT ENFEKSYON SAN

- Li gen lafyèv cho, oubyen chalè kò li twò ba
- Kè li bat vit—pi vit pase 90 fwa nan yon minit
- Souf li anlè—li pran souf pi souvan pase 20 fwa nan yon minit
- Li gen pwoblèm pou l pran souf
- Po li blèm, oubyen li gen tach sou po
- Li pa pipi anpil
- Li depale, li pèdi konnesans
- Tansyon li desann



Siy ki pi grav se lafyèv oubyen chalè kò a ki twò ba, kè li bat vit, epi souf li anlè. Si nou wè 2 nan siy sa yo oubyen plis, trete l pou enfeksyon san.

TRÈTMAN

Chache konkou doktè. Pandan nou nan wout:


- Voye je sou li; depi li fè siy pou chòk, trete l pou chòk (paj 11).
- Bay **céftriazone** (paj 71), OUBYEN **ciprofloxacine** (paj 70) avèk **clindamycine** (paj 69).
- Netwaye tout blesi ki enfekte, wete nenpòt ti moso po ki mouri, louvri absè yo pou fè pi a soti. Pou aprann ki jan pou nou koupe louvri yon absè, al gade nan Pwoblèm Po (chapit sa a pokò ekri).
- Si moun nan ap pran souf byen, ba li bwè. Ba li bwè ti góje souvan.

Tetanòs (maladi kò rèd)

Tetanòs se yon enfeksyon ki grav anpil ki pase antre nan kò yon moun kote li gen blesi, oubyen nan kòd lonbrit yon tibebe. Yon fwa mikwòb yo antre, yo gaye nan tout kò a.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT TETANÒS

- L ap swe
 - Kè li bat vit
 - Vyann nan tout kò li kòmanse rèd
 - Pandan kò a rèd, li ka sispann pran souf
 - Li gen kriz kò ki rèd anpil, ki ale vini
 - Machwè li sere (li pa fasil ka louvri bouch li)
 - Kou li rèd, vant li rèd tankou yon bout bwa
- Si nou wè siy sa yo, kouri mennen li kay doktè!





Siy tetanòs konn parèt soti yon jou rive kèk senmenn aprè moun nan te blese.

KI JAN POU NOU EVITE TETANÒS

Li pi fasil anpil pou nou evite tetanòs, pase pou geri l yon fwa li parèt. Bay vaksen kont tetanòs; netwaye blesi yo byen. De bagay sa yo, se pi bon pwoteksyon nou ka jwenn kont tetanòs. Pou konnen ki lè pou nou fè vaksinasyon, al gade nan chapit Vaksen pwoteje nou kont maladi).

Blesi ki pi fasil bay tetanòs (maladi kò rèd)

- Blesi pike
- Blesi ki fèt ak bal fizi
- Zo kase ki pete po a pou l parèt deyò
- Boule ki grav
- Avòtman (jete pitit) ki fèt nan move kondisyon, piki ak zegwi ki sèvi deja, fè pèse po a (tankou pèse zorèy) ak zouti ki sal e ki sèvi deja.



Netwaye blesi sa yo byen. Si moun nan pa vaksinen kont tetanòs, ba li sewòm antitetanik (paj 73). An plis, bay **métronidazole** (metwonidazòl) (paj 70).


Tetanòs kay tibebe ki fèk fèt

Mikwòb tetanòs konn antre nan kòd lonbrit yon tibebe. Pou evite sa, bouyi zouti a anvan nou sèvi avè l pou koupe kòd lonbrit la, kenbe kòd la pwòp, epi vaksinen tout manman ki gwo vant. Al gade nan Vaksen pwoteje nou kont maladi.

Zo rèl do kase ak kou kase

Genyen yon kannal mwèl epinyè ki nan mitan zo rèl do a. Mwèl epinyè a se nè ki soti depi nan sèvo a, ki pase nan kannal la pou yo al nan tout kò a. Si mwèl epinyè a blese, yon moun ka kokobe pou tout rès lavi li. Oubyen li ka mouri. Si gen yon ti chans pou yon moun blese nan zo rèl do a, nou ka evite plis donmaj si nou **kenbe kou ak zo rèl do yo nan yon pozisyon fiks!**

Si yon moun fè aksidan machin, moto, oubyen bisiklèt, si li pran yon gwo so, oubyen si li pran yon kou nan tèt oubyen nan kou, li te ka blese zo rèl do li. Pran anpil prekosyon pou nou pa kite do a oubyen kou a panche sou yon bò, epi pou nou pa pliye okenn pati nan do a ak nan kou a. Si sa ta rive, sa ka fè plis donmaj. Fè yon woulo ak rad, twal, eponj, oubyen lòt bagay. Mare woulo a sou kou li pou kou a pa ka fè mouvman.



Pa bay moun nan medikaman ki pou fè doulè a pase, jiskaske nou sèten li pa blese nan zo rèl do a, oubyen nan kou a. Konsa doulè a ap ase rèd pou pa pèmèt li fè mouvman.


SIY KI FÈ NOU REKONÈT KE YON MOUN BLESE NAN ZO RÈL DO LI

- Li gen kote nan zo rèl do a oubyen nan kou a ki fè mal, e ki sansib
- Bra li oubyen janm li yo fèb, oubyen li pa ka fè mouvman menm
- Bra li oubyen janm li yo mouri nèt.

Genyen lòt siy, tankou li pa ka kenbe pipi ak watè li, souf li anlè, oubyen li bay menm siy ak lè yon moun fè chòk (paj 11). Si nou pa byen konnen sa li genyen, li pi bon pou nou trete l tankou yon moun ki blese nan zo rèl do a.

Pou konnen si li blese nan zo rèl do a, mande moun nan rete kouche sou do. Mande l leve jenou li yo. Apre sa, mande l leve bra li yo. Eske li ka bouje yo tout? Eske li gen kote ki fè mal? Manyen dwèt li ak zòtèy li yo. Eske li ka santi sa? Eske li ka santi l lè nou pichkannen li?

Si genyen yon pwen nan kò a epi anba pwen sa a moun nan pa ka fè mouvman epi li pa ka santi anyen, se rèl do a ki kase. Men avèk konkou lòt moun, nou ka evite plis donmaj toujou.



Si li pa gen pati nan kò a ki mouri, epi li ka fè mouvman, se pou nou tyeke zo rèl do a menm. Pran anpil prekosyon lè nou vire li sou kote. Fè l jan yo montre nou nan desen an. Ansanm ansanm vire tout kò li tankou yon bout bwa.

Kenbe tèt la, kou a, ak do a tou dwat, san nou pa pliye okenn pati nan kò a. Ak prekosyon, manyen chak zo rèl do, depi tèt li rive nan kannal dèyè li. Manyen l pou wè si pa genyen zo ki deplase, zo ki kase, oubyen kote ki fè mal.

Fè menm jan an pou nou vire l sou do a ankò. Pran anpil prekosyon.

(Si moun nan ap vomi, mete yon bagay anba tèt li pou l kapab rete kouche sou kote.)

Si genyen kote ki fè mal e ki sansib, li mande fè radyografi pou wè si li pa gen zo ki fele. Se pou li rete kouche nan yon pozisyon fiks. Nou dwe vire l chak de twa zèdtan, men toujou kenbe do a ak kou a tou dwat. Fè sa jis doulè a ba li yon souf, nan 8 jou konsa.

Pou deplase moun nan, vire li sou kote jan yo di nou anwo a, kòmsi se yon bout bwa n ap vire, ki pa ka ni panche ni kwochi. Mete anba li yon planch long, tankou yon pòt kay bwa, ki ka sèvi tankou branka, epi vire tounen moun nan sou planch lan. Lè fini, sèvi ak kèk bann twal long oubyen sentiwon, pou mare tèt li, lestomak li, ak janm li yo sou branka a. Si moun nan oblige rete sou branka sa a pandan yon bon ti tan, vire li sou kote chak de twa zèdtan.

Yon moun ki blese nan zo rèl do a gen pou swiv trètman pandan lontan. Mande konkou bò kote moun ki fè espèryans nan travay sa a. Oubyen etidye yon liv ki montre nou ki sa pou fè. Al gade nan liv sa yo: *Disabled Village Children, A Health Handbook for Women with Disabilities*, oubyen: *L'Enfant Handicapé au Village*. Nou ka achte yo nan men Hesperian.



Blesi nan tèt

Si yon moun fè yon chit, si li pran yon kou nan tèt li, oubyen si li fè yon aksidan machin, voye je sou li pou wè si li pa blese nan sèvo a. Si yon moun sou, oubyen si li te pran dwòg, nou mal pou konnen si li blese nan sèvo a. Se ka menm siy ki fè nou rekonèt ni youn ni lòt. Si yon moun blese nan tèt, fòk nou egzaminen li pou wè si li pa blese nan zo rèl do a tou (al gade nan paj 22). Toulede ka mache ansanm.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT YON BLESI NAN SÈVO KI PA TWÒ GRAV

- L ap depale oubyen li dekonpoze, men pwoblèm yo ap pase vit
- Li pa ka sonje ki sa ki te pase
- Pou yon ti tan, li wè twoub, li wè koukouy
- Li gen anvi vomi oubyen vomisman ki pa dire lontan
- Li gen maltèt, tèt vire, epi li bouke

Mande li rete kouche pandan 24 èdtan konsa, epi ba li yon medikaman ki pou fè doulè a pase, tankou **paracétamol**. Pa ba li ni **ibuprofène** (ibipwofèn) ni aspirin. De (2) medikaman sa yo ap fè moun senyen pi fasil. Si l ap senyen anndan tèt li, medikaman sa yo ap fè li bay plis san. Voye je sou moun nan pandan 24 èdtan. Si li tonbe dòmi, reveye li chak de twa zèdtan pou wè si li kapab pale bon koze lè nou poze l kesyon. Si moun nan ap depale plis, si li gen maltèt ki pi rèd toujou, si li pèdi konnesans, oubyen si li fè kriz, li gen lè ap senyen anndan tèt li. Kouri al chache konkou doktè.


SIY KI FÈ NOU REKONÈT YON BLESI NAN SÈVO KI GRAV ANPIL

Chache konkou si nou wè nenpòt nan siy sa yo:

- Li endispoze nèt, li pèdi konnesans
- Li gen maltèt k ap vin pi rèd toujou, li pa wè byen, li pa ka rete an ekilib
- Li gen anvi vomi ak vomisman
- L ap depale, tanperaman li ap chanje, l ap vole sou moun.
- Kè li bat twò vit oubyen twò lant; li pèdi konpa li
- Li pran ti souf byen vit, oubyen souf li pa regilye; kèk fwa li rapid, kèk fwa li lant
- Po a cho, li wouj
- Li fè kriz
- Nen li oubyen zòrèy li ap degoute san osinon dlo

Siy nou ka wè de twa zèdtan aprè aksidan an:

- Yon manman je (nwa je) pi gwo pase lòt la




- Genyen mak ble ki kouwonnen je li yo, oubyen ki dèyè zòrèy li



Tèt k ap senyen

Blesi nan tèt konn bay anpil san. Si nou konnen san dout ke zo rèl do a pa blese, mande li leve chita, oubyen mete li chita, paske sa ka fè l senyen pi dousman. Fè fòs sou blesi a pou rete san an. Apre sa, netwaye blesi a byen, epi fèmen l ak pwen kouti oubyen ak lakòl. Si nou pa genyen anyen disponib, pran cheve sou de bò blesi a. Mare yo ansanm pou fèmen blesi a jan yo montre nou nan desen sa a:



Si li gen yon gwo blesi nan tèt, fouye l pou wè si zo tèt la pa blese. Si nou kwè zo tèt la ka kase, fè fòs sou de bò blesi a, epi evite fè twòp fòs dirèkteman sou blesi a.

Nen k ap senyen

Penchen nen an byen di, jis anba zo nen.

Kenbe l fò pou 10 minit—san ou pa fè yon ti gade pou wè si san an pa rete. Sinon, li ka reprann senyen. Lè 10 minit fin pase epi l ap senyen toujou, rekòmanse pou 10 minit ankò.

Anpil fwa, lè yon moun gen nen k ap senyen, sa ap pase san pwoblèm. Men si yon moun pèdi anpil san, se toujou grav. Fè atansyon si se yon ti granmoun ki gen nen li k ap senyen.



KI SA POU NOU FÈ POU NEN MOUN PA SENYEN

Pase yon ti ponmad vazlin anndan nen an. Si anndan nen an sèch, l ap senyen pi fasil. Lè yon moun foure dwèt li nan nen an, li ka fasil fè nen an senyen.


Blesi nan lestomak ak zo kòt ki kase

Lè yon moun fè aksidan, si sa fè li mal bò kòt la, epi yon doulè rèd ap mòde l lè li pran souf oubyen lè li touse, li ka genyen yon zo kòt ki kase. Manyen kòt la. Si nou wè yon zo kòt ki peze po a pa anba, oubyen si nou wè li fè fon nan lestomak la, epi nou mal pou manyen li tank li fè mal, kòt la kase. Si li gen yon sèl zo kòt ki kase, epi zo a rete nan plas li, ba li medikaman pou fè doulè a pase. Moun nan pa gen dwa leve chay ni travay di pandan kèk senmenn. L ap geri pou kont li san trètman. Fè moun nan sonje pou li rale kèk gwo souf chak de twa zèdtan. Sa ap fè l mal, men konsa l ap fè poumon li yo fonksyone byen.

Lè genyen anpil zo kòt ki kase

(Lè li rale souf li, pati ki kase a rantre; lè li lage souf la, pati sa a gonfle.)

1. Mete yon gwo tanpon oubyen rad pliye sou zo kòt kase yo.




Yon chit osinon yon aksidan ka kase anpil zo kòt nan menm tan.

2. Mete moun ki blese a kouche nan pozisyon li ka pran souf pi alèz la.
3. Voye je sou li pou wè si li pa fè chòk (paj 11). Chache konkou.

Gwo blesi fon nan lestomak

Si yon moun pran yon bal fizi, yon kout kouto, si li blese nan esplozyon, oubyen si li kase kòt li serye, nenpòt ladan yo ka fè twoou nan poumon ki pèmèt lè a antre soti.

1. Kouvri blesi a touswit ak nenpòt bagay ki pa pèmèt lè a pase, tankou yon pansman ki kouvri ak vazlin, ak yon sak plastik pliye, oubyen ak yon fèy bannann.
2. Tache l byen ak adezif sou 3 kote pou lè a ka soti, men pou l pa ka antre.



3. Mete moun ki blese a kouche nan pozisyon li ka pran souf pi alèz la. Chache konkou.


Gwo blesi nan vant

Si yon moun pran yon gwo so, si li fè yon aksidan machin, si li pran yon kout pwen oubyen yon kout pye nan vant, tout sa yo ka fè yon moun senyen anndan kò li. Al gade pou wè si li pa gen mak ble ki fè nou wè l ap senyen. Si li pèdi twòp san anndan kò li, sa ka bay chòk. Voye je sou li pou wè si li pa gen siy sa yo, ki montre ke li blese grav nan vant li:

SIY KI MONTRE GEN DANJE

- Yon doulè rèd k ap mòde l
- L ap depale
- Vant li di kou yon bout bwa, oubyen l ap gonfle
- Li bay siy l ap pèdi san: li dekonpoze, li blèm, kè li bat vit

Si nou wè nenpòt nan siy sa yo, trete l pou chòk (paj 11 ak 12), epi chache konkou. Pa met anyen nan bouch li, pa ba li ni manje, ni bwè. Pou konnen plis sou pwoblèm vant ki mande swen prese, al gade nan Vant fè Mal, Dyare ak Vè, paj 8.



Si yon moso trip soti deyò, tranpe yon moso twal pwòp nan dlo sale. Kouvri trip la avè l. Chache konkou. Pa eseye foure trip la anndan.

Lè yon bagay pèse kò a

Si yon bagay pike yon moun epi bagay la rete kole nan vant li, li pi bon pou nou kite l la. Al chache konkou. Menm si n ap fè de jou nan wout pou nou rive jwenn konkou, pa wete bagay la. Mare l byen pwòp ak pansman oubyen twal, pou l pa ka bouje.



Kriz kè (kriz kadyak)

Gason ak fanm, yo toulede konn fè kriz kè. Li rive lè yon boul san kaye ap bouche yon venn ki alimante kè a. Si venn lan bouche nèt, vyann kè ki sou bò sa a ap mouri. Òdinèman, se maladi kè ki lakòz sa a. Pou aprann plis, al gade nan Pwoblèm Kè ak Tansyon.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT KRIZ KÈ

- Yon doulè k ap kenbe tankou yon pwasenkant ki chita sou lestimak li, lestimak li sere l, l ap boule l, l ap fè mal, oubyen li santi lestimak li lou
- Doulè a ka rive jis nan kou li, nan zepòl, nan bra, nan dan, ak nan machwè li
- Doulè a konn monte ti kras pa ti kras, men kèk fwa yon doulè rèd mòde l sibit
- Souf li anlè
- L ap swe
- Li gen kè plen
- Li gen tèt vire



Doulè lestimak se yon siy ki pi kouran kay gason ak fanm ki fè nou rekònèt yon kriz kè. **Men souvan fanm pa soufri doulè lestimak.** Okontré, souf yo kout, yo bouke, yo gen kè plen, vomisman, oubyen do ak machwè fè mal.

TRÈTMAN


Ba moun nan aspirin yon gress touswit (300 oubyen 325 mg). Mande li kraze gress lan nan bouch li, epi vale l ak dlo. Nou mèt bay aspirin menm si nou pa konnen si l ap fè yon kriz kè tout bon. Sa pa p fè li mal.

Si nou genyen li disponib, ba li ***nitroglycérine*** (nitroglycerin) anba lang lan (paj 78). **Morphine** (mòfin) ap soulaje doulè ak laperèz li (paj 85). Eseye mete l alèz. Chache konkou.

Zo kase, zo ki dejwente, ak antòs


An premye, gade pou wè si zo a pa kase, dejwente, oubyen foule. Anpil fwa nou mal pou konnen, san nou pa fè radyografi. Si nou pa ka konnen si li kase, dejwente, oubyen foule, kenbe zo a nan yon pozisyon fiks. Chache konkou. Epitou, li ka gen plis pase yon sèl blesi; pa egzanp, zo a ka dejwente e kase. Toulede ka mache ansanm.

Ba li medikaman pou kalme doulè a, tankou **paracétamol** (parasetamòl) oubyen **ibuprofène** (Ibipwofèn).




Zo kase:

Zo a defòme. Li pa dwat, oubyen moun nan ka montre ak yon sèl dwèt kote zo a fè l mal. Si li pa fè mouvman, sa ka pa fè l twò mal; li ka menm pa fè mal ditou. Genyen zo ki kase ki pa defòme, yo rete dwat. Se radyografi ki pou di si zo a kase.



Zo dejwente (zo ki soti nan plas li nan jwenti a):

Jwenti a defòme, oubyen li pa ka fè mouvman ak manm nan.



Antòs ak foulay:

Li anfle bò yon jwenti epi sa fè l mal.

Zo kase

Kenbe yon zo kase nan yon pozisyon fiks, jis nou jwenn yon moun ki gen ladrès pou mete zo yo nan plas yo. Pou zo kase a pa fè mouvman, kenbe l an plas ak yon aparèy ki fèt an yon moso katon di ki pliye, yon moso bwa, yon moso tach, oubyen nenpòt bagay ki di e ki dwat.

Ki jan pou nou fè yon aparèy ki pou kenbe yon zo nan yon pozisyon fiks

Premye pwen:

Mete bra li nan pozisyon nòmal li.
Mete koud la pou li lejèman koube.



Dezyèm pwen:

Mare l ak yon pansman, twal gaz, yon ti twal fen, oubyen sèvi ak manch rad li.



Twazyèm pwen:

Poze bra li sou aparèy ki pou kenbe l fiks la.
Mete yon woulou twal nan men li. Si se yon janm, fè li lonje janm nan sou aparèy la.



Katryèm pwen:


Mare bra a e aparèy la ansanm avèk yon pansman oubyen yon bann twal ki pou kenbe l fiks.



Pa kouvri dwèt ak zòtèy yo. Voye je sou yo souvan pou asire ke y ap rete cho epi yo pa p angoudi (mouri).




Lè se yon zo kwis ki kase, mare moun blese a nan yon aparèy ki soti nan ranch lan rive sou je pye a.



Si se yon dwèt oubyen yon zòtèy ki kase, mare l ak yon dwèt oubyen yon zòtèy ki akote l. Mete yon ti rambouraj mou nan fant yo.

Ki jan pou nou fè yon echap

Nou ka fè yon echap pou pwoteje ak pou soutni yon bra osinon yon zepòl ki blese.



Ki jan pou nou mete yon zo kase nan plas li

Rete tann manm nan dezanfle anvan nou mete yon zo nan plas li.


Si zo a pa dwat, l ap geri pi vit si nou mete l nan plas li. Men si nou pa konnen ki jan pou fè l, nou ka fè plis donmaj toujou. Sa ki pi bon, se pou nou fè l ak konkou yon moun ki gen espéryans, ki konn fè sa déjà. Nan anpil kominate genyen ajan sante oubyen lòt moun ki konnen byen ki jan pou mete zo nan plas yo.

Premye pwen:

Ba li medikaman ki pou kalme doulè a (paj 82). Nou gen dwa mete sou li yon gress kalman, tankou *diazépam* (dyazepam, paj 86) oubyen *lorazépam* (lorazepam, paj 87), pou ede l poze san li.


Dezyèm pwen:

Mande moun k ap ede ou a pou li kenbe manm nan pou l pa fè mouvman. Se pou li kenbe l anwo kote ki kase a. Oubyen mare l ak yon bagay ki solid, ki pa p bouje.



Twazyèm pwen:

Ou menm, rale men an ak tout fòs, men fè l dousman dousman. Pa rale l sèk, men rale l ase fò pou separe bout zo ki kase yo.



Katryèm pwen:

Lè bout zo ki kase yo separe, mete 2 bout zo nan plas yo tou dousman, epi kite yo tounen ansanm.

Pa eseye mete yon zo kase nan plas li si li sanble zo a kase jis nan jwenti a, oubyen si zo a kase plizyè kote, ki bay moso zo ki tou detache k ap «flote». Pa rale sèk sou yo, epi pa fòse yon zo kase tounen nan plas li. Sa ka deranje l pi mal, epi donmaje moun nan pou rès lavi li. Chache konkou.

Ki jan pou nou fè yon plat pou yon zo ki kase

Nou ka fè yon plat ak moso twal ansanm avèk yon melanj siwo oubyen yon melanj plat ki vin di lè li fin sèch.

Nan peyi Mexique (Meksik), genyen de kalite plant yo sèvi ak yo pou fè plat. Nan peyi Inde (ENN) yo sèvi ak yon melanj blan ze ak zèb. Toulede metòd sa yo sanble youn ak lòt. Nou ka sèvi ak nenpòt plant ki bay yon siwo ki di lè l fin sèch. Fòk siwo a pa fè po a irite. Dabitid, yo bouyi plant lan nan dlo jis li tounen yon siwo pwès. Oubyen, nou mèt sèvi ak plat de pari (*plâtre de Paris*) melanj ak dlo.

Rete tann manm nan dezanfle anvan nou mete plat la. Sa ka pran jiska 8 jou. Annatandan, soutni manm nan ak yon aparèy e yon echap.


Premye pwen:

Fè atansyon pou zo a byen dwat. Fòk 2 bout zo yo nan plas yo. Konpare manm ki blese a ak manm ki pa blese a; yo toulede dwe gen menm longè e menm fòm.

Dezyèm pwen:

Mete manm nan nan pozisyon sa a:

Koud la koube,
pous anwo, dwèt yo
lejèman koube—
kòmsi l ap kenbe
yon vè.



Jenou a lejèman koube. Je pye a nan pozisyon li ye lè moun nan kanpe debou.

Twazyèm pwen:

Mare manm nan ak yon twal fen, oubyen ak twal gaz; veye pou l pa twò sere. Lè nou mete plat la, li dwe kouvri jwenti ki pi wo a ak jwenti ki pi ba kote ki kase a.

Katryèm pwen:


Mare l ak koton wat, oubyen ak koton ki sou gress pye kapòk. Mete plis koton kote zo yo fè pwen, tankou sou je pye yo, men pa mete twòp, sitou sou kote ki kase a.

Senkyèm pwen:

Tranpe bann twal, dra ki pwòp, oubyen pansman yo nan siwo a oubyen nan melanj plat la.

Sizyèm pwen:

Fòme plat la pou l kouvri kote bandaj yo ye. Pa kouvri ni dwèt ni zòtèyo. Plat la dwe ale byen sou manm lan, men li pa gen dwa twò sere.



Sètyèm pwen:

Premye twal nou te mete sou manm lan, pran li, epi tounen l alanhè sou plat la.
Fè rebò plat la lis, konsa.




Yon fwa plat la fin fêt, poze manm nan. Si li posib, leve l pi wo pase kè moun nan. Sèvi ak beki pou yon moun ka mache san li pa mete yon janm kase atè.

Lè plat la fin fêt, si dwèt oubyen zòtèy li yo kòmanse anfle, si yo fè pi mal, si yo tounen koulè wouj, blèm, oubyen ble, oubyen si yo angoudi, fè vit wete plat la. Si nou pa wete yon plat ki twò sere, sa ka fè moun nan pèdi manm nan.

Konbyen tan sa pran pou yon zo kase pran? Zo timoun pran nan kèk senmenn. Zo vye granmoun ka pran de mwa pou yo geri; gen de lè yo pa p janm pran. Kite yon bra ki kase nan plat la pou yon mwa pou pi piti. Kite yon janm ki kase nan plat la pou 2 mwa konsa.

Pou wete plat la, tranpe l nan dlo. Pran prekosyon lè n ap koupe pou wete plat la. Lè nou fin wete l, menaje manm ki te kase a. Si moun nan te pote plat la pandan yon mwa, se pou li pa fè fòs ak li pou yon lòt mwa. Se ti kras pa ti kras pou li reprann aktivite li, tankou mache ak yon janm ki te kase.

Zo ki kase ki pete po a pou l parèt deyò (frakti ki louvri)



Nan yon ka konsa, toujou gen gwo danje enfeksyon. Netwaye blesi a ak anpil dlo. Fè dlo a koule sou li pandan 5 minit pou pi piti. Mete yon aparèy sou manm nan. Bay **céftriazone** (paj 71), **cloxacilline** (paj 65), **clindamycine** (paj 69), OUBYEN **céfalexine** (paj 72). Chache konkou.

Si nou pa ka jwenn konkou touswit, byen netwaye blesi a, epi panse l lejèman ak twal gaz esterilize. Chanje twal gaz la souvan. Si twa jou gen tan pase epi nou pa wè siy enfeksyon, eseye mete zo a nan plas li anba po a, fèmen blesi a, epi mete yon plat sou li.

Zo ki dejwente (zo ki soti nan plas li nan yon jwenti)

Depi nou kapab, eseye fè zo a tounen nan plas li. Pi bonè se granmaten. Plis nou tann, se plis l ap fè l mal, epi se plis l ap rèd pou nou ranje l.

Pou regle pwoblèm nan, jeneralman nou gen pou rale zo a dousman dousman yon ti jan sou deyò. Se pou zo a «vloup» tounen nan plas li. Yon demi èdtan anvan nou vle fè l, bay moun nan yon medikaman ki pou kalme li, pa egzanp, **diazépam** (dyazepam, paj 86), ansanm ak yon medikaman ki pou kalme doulè, tankou **ibuprofène** (ibipwofèn). Si nou pa rive mete zo a nan plas li nan jwenti a, chache konkou.




Lè nou fin mete yon zo ki dejwente nan plas li, sèvi ak you aparèy oubyen yon echap pou kenbe l san pa fè mouvman pou 15 - 22 jou. Li mèt pran yon medikaman pou doulè, tankou **ibuprofène**, lè li bezwen li. Depi doulè a ba li souf pou pèmèt li fè ti mouvman, wete jwenti an nan echap la chak detwaz èdtan. Pliye l dousman, oubyen fè ti mouvman won avè l. Pou zepòl ki dejwente, se pou li kite bra a pandye sou kote, epi fè kèk ti mouvman won san fòse twòp. Evite fè fòs ak manm nan pou de twa mwa. Sa pran anpil tan pou yon zo ki dejwente ka fin geri nèt.


*Aprè nou fin mete yon zo ki dejwente nan plas li,
si li fè l mal anpil, se ka paske genyen yon zo ki kase.*

Zepòl ki dejwente

Kenbe anwo ponyèt la pa anba; rale l desann tou dwat anba ak fèmte e ak tout fòs. Oubyen fè moun nan kenbe yon bokit ki gen 5 rive 7 kilo dlo ladann pou 15 - 20 minit. Sa ap rale bra a desann. Zepòl la dwe tounen nan plas li.




OUBYEN



Si zepòl la pa p tounen nan plas li, pouse dousman ak pouz ou sou pwent omoplat la (gwo zo pa dèyè ki atache sou zepòl). Li dwe «vloup» tounen nan plas li.

Vire bra moun nan sou ou, dousman, konsa. Li pi bon si ou ta jwenn yon moun ede ou kenbe kò moun nan pou l pa fè okenn mouvman. Se sèl bra li ki pou vire.




Lè fini, mete yon echap konsa pou zo a pa chape kò li ankò.



Koud ki dejwente


Premye pwen:

Mete moun nan kouche. Aliyen anba ponyèt la ak anwo ponyèt la, pou zo yo fè yon liy dwat.



Dezyèm pwen:

Fè moun k ap ede ou a kenbe anwo ponyèt la fèm. Rale ponyèt la sou ou, epi, tou dousman, fè pliye koud la.



Twazyèm pwen:

Koulye a, peze dwat anba sou anwo ponyèt la toutotan ou fin pliye koud la. Se pou koud la «vloup» tounen nan plas li. Mete yon aparèy sou koud la pou l pa chape kò li ankò.




Atansyon

Si sa mande anpil fòs pou fè sa, kanpe la! Ou ka menm kase yon zo. Mete yon aparèy (echap) konsa sou koud la. Chache konkou doktè.

Dwèt ki dejwente

Rale dwèt la byen fèm. Epi pouse zo dwèt la nan plas li.



Mare yo ansanm, dwèt ki dejwente a ak dwèt ki a kote l la.

Foulay ak antòs (lè venn yo ki nan yon jwenti chire oubyen fòse anpil)

SIY KI FÈ NOU REKONÈT LI

- Li anfle
- Li fè mal
- Li gen mak ble oubyen mak wouj



TRÈTMAN


- Poze manm nan: pa fè fòs ak li, pa kanpe sou yon janm ki foule. Sèvi ak beki oubyen ak yon aparèy (echap) pou 3 - 4 senmenn.
- Glas: si li posib, mete glas sou antòs la pou 30 minit chak 2 - 4 èdtan. Nan kèk jou, nou ka ralanti sou sa.
- Konpresyon: mare l byen fèm ak yon pansman.
- Leve l anlè: leve kote ki fè antòs la sou yon zòrye, oubyen sou yon dra pliye. Nan kòmansman, fè l toutan. Lè kèk jou fin pase, leve l chak de twa zèdtan.

Si nou fè l jan li ekri anwo a, sa ap soulaje doulè a ak anflamasyon an. Si moun nan tanmen fè l depi li blese, epi l ap fè l souvan, konsa blesi a ap geri pi vit. Antòs la pa fasil bay pwoblèm k ap rete sou li.

Evite fè fòs ak manm nan; pa kanpe sou yon pye ki foule. Antòs ak foulay pran 8 - 15 jou konsa pou yo geri.

Ki jan pou nou mare yon pye

Kòmanse tou pre zòtèy oubyen dwèt yo.



Mare l byen, men pa twò sere. Dwèt ak zòtèy yo dwe rete cho; yo pa gen dwa angoudi (mouri).

Mak sou kò

Lè yon moun gen yon mak sou kò a, sa fè nou konnen ke chè ki anba po a blese, epi l ap senyen yon ti jan. Yon mak konsa ka fè mal anpil, epi li ka bay yon moun ti kontraryete. Men yo pa souvan bay gwo pwoblèm. Trete l menm jan ak yon foulay: poze manm nan, mete glas sou li, fè konpresyon (mare l yon ti jan sere ak yon pansman), epi leve l wo.

Si yon moun gen mak sou tèt li oubyen sou vant li, se ka yon siy ki di ke li gen yon pwoblèm ki pi grav. Aprann ki sa nou dwe fè si yon moun fèk pran yon gwo kou nan tèt (paj 23 - 24), oubyen si li pran yon kou nan vant (paj 27).

Gen de lè nou remake yon moun ki pran mak souvan. Nan mak sa yo, genyen kèk ki prèske geri, epi gen lòt ki fèk rive. Se yon siy ki fè nou wè ka genyen lòt moun k ap fè vyolans sou li. Al gade nan Vyolans (chapit sa a pokò ekri).

Kadejak

Kadejak ak vvolans seksyèl se lè yon gason fè sèks san li pa t planifye ak yon fanm. Depi fanm nan pa dakò, se vvolans seksyèl. Fanm ak jenn fi ka sibi kadejak nan men moun yo konnen byen ak nan men etranje, nan men moun nan fanmi yo, mari yo, ak menaj yo. Gason ak jennjan ka sibi vvolans seksyèl tou. Pou aprann plis, al gade nan Vvolans (chapit sa a poko ekri).

Yon moun ki sibi kadejak bezwen èd yon moun pou okipe blesi li yo. An plis, fòk li jwenn yon moun ki ka pran ka li, yon moun li ka fè konfyans, epi li ka konte sou li. Okipe li nan bon santiman e ak bon kè. Pa bay li tò.

Zak kadejak ka bay gwosès. Yon fanm ka evite tonbe ansent si li pran gress planin ki fèt pou ka ijan, oubyen si li pran yon gwo dòz nan kèk kalite gress planin nòmal. Fòk li pa kite 5 jou pase anvan li bwè gress yo. Al gade nan Fè Plan pou Fanmi Nou. An plis, zak kadejak ka enfekte li ak maladi moun pran nan fè bagay. Al gade nan Pwoblèm Aparèy ki pou Fè Ptit (chapit sa a poko ekri). Pou maladi VIH/SIDA pa antre sou li, al gade nan VIH ak SIDA (chapit sa a poko ekri).



Paske li ka gen pwoblèm pou l kite nou egzaminen kò li, oubyen manyen li, nou dwe esplike l sa nou pral fè. Nou dwe tann li pare pou sa anvan nou manyen l oubyen trete l.

Kèk fwa, vajen (kannal fi) yon fanm ka chire oubyen blese pandan zak kadejak la. Maleng yo ka fè fanm nan mal anpil. Ba li **paracétamol** (parasetamòl), osinon **ibuprofène** (ibipofèn). Si twou dèyè li oubyen vajen li ap bay anpil san, fè fòs sou li pou rete san an. Fè fanm nan konnen ki jan pou fè l li menm, si li ta pran senyen ankò.

Pou ti chire ak ti blesi, li mèt tranpe dèyè li twa fwa nan yon jou nan yon kivèt dlo tyèd. Lè l ap fè pipi, sa ka boule l; pou soulaje l, li mèt vide dlo tyèd sou pati li pandan l ap fè pipi. Si li gen pi gwo chire, li ka nesesè pou koud yo (paj 13 - 16).

Egzaminen li pou wè si li pa blese lòt kote nan kò a. Si nou jwenn lòt problèm, al gade pi lwen nan chapit sa a pou konnen ki jan pou nou trete yo. Fè yon dosye kote nou ekri tout sa li rakonte nou, ak tout sa nou jwenn lè nou egzaminen li. Fè l konnen li ka ale lajistis ak papye sa a pou apiye plent lan—menm si li tann yon bon ti tan pou fè l.

Fè fanm nan tounen vin jwenn nou nan de twa jou, pou nou ka konnen ki jan li ye, si blesi yo ap geri, epi si moral li ap remonte. Gade byen pou wè si pa gen siy enfeksyon (paj 19) kote li te blese a. Anpil fwa yo konn fè enfeksyon blad pipi a, sitou si se te yon zak kadejak sovaj. Al gade nan Pwoblèm Aparèy Pipi (chapit sa a poko ekri).

DOSYE KLINIK	
DAT:	Fè yon desen epi make sou li tout kote li gen maleng.
LÈ:	Fè foto si li dakò.
ISTWA MALAD LA:	Konsa n ap wè si maleng yo ap geri.
EGZANMEN:	Epitou, li ka pote l avè l si li deside ale lajistis.


Boule

Ti boule

Pou netwaye yon ti boule, fè vit vide dlo frèt sou li pou 15 - 30 minit. Sa ap refwadi, netwaye po a, e soulaje mal la.

Lave boule a ak dlo e savon dou. Nou ka pase siwo myèl oubyen dlo lalwa sou yon ti boule, pou l ka geri pi vit. Tann boule a frèt anvan nou pase l sou li.

Ti boule dwe fin geri nan 8 - 22 jou.



Boule ki grav

Men boule ki grav:

- **Boule ki fon** (ki prèske pa gen po ki rete, oubyen ki pati ak po a nèt, epi vyann nan parèt tou wouj). Si po a ak tout nè yo ki pou fè yon moun santi doulè a, si yo boule nèt, li ka pa santi okenn doulè sòf lè nou fè fòs sou boule a. (Nè se yon bann fil ki soti nan sèvo a al nan tout kò a, ki pèmèt moun fè mouvman, epi ki pèmèt yo santi.) Si nou fè fòs sou yon boule konsa, li pa chanje koulè li. Li ka gen aparans yon bann ti mak ki sanble ak yon pakèt mab. Si boule a pi grav, li ka sanble ak siwo myèl blan, ak po bèt ki gen yon koulè grizat, oubyen li ka kankannen.
- **Boule ki laj.** Yon boule ki laj se youn ki kouvri yon dizyèm nan kò a oubyen plis. Menm si li pa twò fon, gen danje nan yon boule gwosè sa a. Pou kalkile gwosè boule a, gade gwosè pla men li. Si boule a menm gwosè ak pla men li, sa fè youn pouzan (1%, yon santyèm) nan kò a ki boule. Si boule a bay 10 pla men, sa vle di dis pouzan nan kò a boule (10%, yon dizyèm).
- **Boule bò jwenti, nan figi, oubyen nan pati li.** Boule sa yo ka bay gwo sikatris, mak boule ki rete lè yo fin geri. Mak boule yo ka redi po a pou jennen mouvman moun nan, sitou kay timoun.
- **Boule ki mache ansanm avèk lòt blesi.**
- **Boule kay timoun.** Timoun ki boule mal pou yo refè. Si nou gen possiblite, fè yo ale lopital kote yo ka ba yo swen espesyal pou moun ki boule.

Si yon moun boule grav, chache konkou. Pandan n ap mennen li lopital, si je li klè, ba li bwè ti dlo chak de twa minit. Mare boule a ak yon moso twal ki byen pwòp. Si boule a grav anpil, pa tranpe l nan dlo frèt. Sa ka fè chalè kò a desann twòp. Si moun nan twò frèt, genyen danje nan sa. Eseye kalme li.


TRÈTMAN

- Yon moun ki gen gwo boule oubyen boule ki fon ka fasil vin manke dlo. L ap pèdi anpil dlo paske boule yo bay anpil dlo. Ba li bwè anpil likid. Nòmalman, li pi bon pou mete l sou sewòm nan venn. Men, si je li klè epi li kapab bwè, nou ka ba li bwè anpil sewòm oral (chapit Vant fè mal, Dyare ak Vè, paj 22). Lè yon moun vin manke dlo, li ka fè chòk; voye je sou li pou wè si li pa fè siy pou chòk (paj 11). Pou aprann ki jan pou nou bay sewòm nan venn, al gade nan Ki jan pou nou Okipe Moun Malad (chapit sa a pokò ekri).
- Boule ak po ki kouwonnen boule yo byen fasil pou yo enfekte. Yon boule dwe rete pwòp. Lave l chak jou; koule dlo sou li, oubyen plonje l pou yon ti moman nan dlo pwòp. Yon ti savon dou bon, men pa sèvi ak dezenfektan (ki pou touye mikwòb) oubyen yòd—y ap anpeche boule a geri. Tou dousman, wete moso po ak vyann ki mouri.
- Pase yon pomad antibiotik sou boule a. Mete twal gaz fen ki byen pwòp sou li, oubyen mete yon lòt pansman ki byen pwòp. Mare l fèm, men pa twò sere pou l pa anpeche san an sikile. Chanje pansman an chak jou epi chak fwa li sal. Yon pansman ki sal ka bay enfeksyon. Si pansman an kole nan boule a, tranpe l nan dlo pou nou ka wete l. Fè atansyon pou nou panse chak dwèt ak chak zòtèy apa; yo pa gen dwa kole ansanm.
- Si nou remake boule a vle enfekte, ba li antibiotik. Men siy: li santi fò, li bay pi, po a wouj oubyen cho, oubyen li gen lafyèv. Aprann plis sou antibiotik ki pou trete boule (paj 75). Verifye si li gen tan pran tout vaksen kont tetanòs. Al gade nan chapit Vaksen pwoteje nou kont maladi.
- Si yon glòb Pete, kenbe l pwòp. Pa Pete glòb yo. Yon glòb ki Pete pi fasil pou li enfekte.
- Se pa ti mal boule yo konn fè mal. Pa pè ba li yon remèd fò pou kalme doulè a. Genyen **morpheine** (mòfin) ak lòt medikaman ki gen pou wè ak opyòm (paj 85). Toujou ba li yon medikaman ki pou kalme doulè anvan nou lave oubyen anvan nou panse yon gwo boule. Lè yon boule ap geri, li ka ba li gratèl. Pou soulaje l, ba li yon **antihistaminique** (anti-istaminik) (paj 75).
- Pou ede boule a geri, moun nan dwe manje anpil bon jan manje ki gen plis pwoteyin ladann. Menm si bouch li anmè, se pou li manje manje ki bay fòs ak kouraj. Li dwe manje 4 fwa nan yon jou. An plis, se pou li pase yon ti manje nan bouch li tanzantan. Al gade nan Byen Manje Bay Bon Sante (paj 25 - 36) pou konnen ki manje ki bay anpil enèji, epi ki pi nourisan.
- Mak boule yo ka redi po a pou jennen mouvman moun nan. Sa rive sitou si boule a bò yon jwenti. Fòk nou lonje dwèt yo ak manm ki boule yo tout longè yo, plizyè fwa nan yon jou, pandan l ap geri. Si li pa ka fè l pou kont li, ba li kout men, dousman dousman.

Menm jan nou fè pou tout moun ki gen gwo blesi, si ka a ap vin pi mal, oubyen si nou pa gen mwayen pou nou okipe l, chache konkou.

Lè yon moun pran nan kouran

Lè yon moun pran nan kouran, kouran an ka bay boule, oubyen li ka fè kè a sispann bat.



Pou pwoteje tèt ou, pa manyen fil kouran an; deplase moun nan jan yo esplike nou anba.

1. Deplase moun nan pou l pa manyen okenn fil kouran, epi pou l pa nan ma dlo. Si li toujou touche ak fil kouran an, anvan nou manyen li, sèvi ak yon bout bwa sèch pou deplase fil la. Pa manyen okenn fil kouran toutotan ou pa asire ou ke kouran an koupe.
2. Lè yon moun pran nan kouran, li ka koupe souf li. Fè respirasyon bouch nan bouch pou li (paj 7).
3. Si kè a pa bat, eseye fè l bat ankò. Peze lestomak li (*réanimation cardiopulmonaire, RCP*); peze fò e vit nan mitan lestomak la (paj 7). Sa ka mande nou kenbe pou yon bon ti tan. Pa lage.
4. Si l ap respire epi si kè li ap bat, chache wè si li pa boule. Boule yo sanble ak yon blesi ki fèt ak bal fizi. Genyen yon blesi kote kouran an antre, epi genyen yon lòt kote l soti.
5. Gade pou wè si li pa gen lòt blesi. Men pwoblèm li ka genyen: li depale, li gen pwoblèm pou fè mouvman, li pa santi anyen, li pa tandé byen, san an pa sikile byen. Si kout kouran an te fè li tonbe, li ka blese nan tèt li, li ka gen zo ki kase, oubyen li ka bay san.

Si kout kouran an pa t twò fò, si de twa zèdtan fin pase, epi nou pa wè pwoblèm, moun nan gen dwa ale byen. Si kout kouran an te fò, si se kout zeklè li pran, oubyen si li gen lè gen pwoblèm, fè atansyon. Boule ki anndan kò a kapab pi rèd anpil pase ti boule nou wè sou po a, kote kouran an antre ak kote l soti. Li ka bezwen sewòm nan venn ak lòt trètman. Sa ka pran de jou, menm de senmenn, pou konnen tout donmaj li te pran.

Boule ak pwodwi chimik

An premye, pwoteje tèt nou: pote rad manch long, ak gan oubyen sak plastik sou men nou. Kouvri bouch nou ak yon mouchwa. Lè nou fin ede yon moun ki kontamine ak pwodwi chimik, lave kò nou ak rad nou yo byen lave.

Pi bon bagay nou ka fè se **debarase moun nan ak pwodwi chimik la pi vit ke nou kapab**, pou l pa ka fè plis donmaj.



1. Wete tout rad ak tout bijou bò boule a.
2. Si pwodwi chimik la kole, fè vit grate leve l ak yon ti bout bwa, yon kouto, oubyen nenpòt bagay ki di epi ki ka sèvi.
3. Depi nou fin grate tout pwodwi chimik nou kapab wete, lave boule a byen lave ak anpil dlo. Genyen de pwodwi chimik, depi nou mete dlo sou yo, y ap boule pi rèd. Konsa, anvan nou lave l, fòk nou wete tout pwodwi chimik nou kapab. Si se yon pwodwi chimik ki fèt ak lwil, sèvi ak dlo e savon. Sèvi avèk yon tiyo si nou genyen youn. Si li pran pwodwi chimik la nan figi li, lave figi a an premye. Fè atansyon pou nou lave tout grafouyen ak koupe. Pi vit nou kòmanse lave l epi pi lontan n ap lave l, se nan pi bon eta po a va ye.

Depi nou fin netwaye tout pwodwi chimik ki sou li, okipe boule a menm jan ak nenpòt lòt boule (paj 38).

Lave oubyen jete tout rad ki kontamine ak pwodwi chimik la, paske yo ka fè donmaj, yo menm tou.

Si pwodwi chimik la antre nan je yon moun, vide dlo nan je a. Vide l tou pre nen an pou l koule nan direksyon oubyen bò zòrèy li.



Zam lapolis

Atansyon: Lè nou vle pote yon moun sekou ki sibi vyolans nan men lapolis, fè atansyon pou nou pa vin sibi menm vyolans lan. Fè efò pou nou sove ni moun ki blese a, ni pwòp tèt pa nou.



Gaz lakrimojèn, (gaz lacrymogène); gaz pwav (vaporisateur de poivre)

Si nou ka rale kò nou bò kote y ap flite gaz la, efè kontré yo ap pase byen vit. (Gaz sa yo fè je yon moun boule epi fè yo bay anpil dlo.) Efè gaz lakrimojèn pase vit; efè gaz pwav ka pran yon èdtan oubyen plis pou l pase.

Pa manyen bwat gaz yo ak men nou. Yo cho lè yo fèk fin sèvi; si nou manche yo, y ap boule nou.

Tranpe yon mouchwa nan dlo oubyen nan vinèg, epi mare l sou bouch ak nen ou. Sa ap bay ti pwoteksyon.



- Gade byen ki jan yon moun ap pran souf.** Gaz pwav ka fè yon moun soufle anlè anlè, sitou si li konn soufri opresyon. Sa ka ba li laperèz. Fè l poze san li, mezi nou kapab.
- Lave je yo ak anpil dlo.** Vide l sou je yo tou pre nen an pou l koule nan direksyon oubyen bò zòrèy li.
- Wete tout rad** ki kontamine ak gaz oubyen ak pwodwi chimik, depi nou sove tèt nou, epi yo pa p flite ankò.
- Lave po a, yon pati alafwa (oubyen rete tann efè kontré pase pou kont yo):** tranpe yon twal nan lwil kizin (ki sèvi pou fè manje). Siye yon pati nan po a ak twal la. Fè vit siye lwil la ak yon lòt twal ki tranpe nan alkòl. Si lwil la rete sou po a plis pase 30 segonn, l ap melanje ak pwodwi chimik la epi l ap boule po a. Si nou pa gen lwil ak alkòl, lave l ak anpil dlo. Oubyen, rete tann. Finalman, doulè a va pase.

Ki jan pou nou rense je ak bouch yon moun pou soulaje boule gaz pwav ap bay.

Nan yon ti bokal, dekoupe anti-asid likid la ren pou ren ak dlo, tankou **maalox** (lèt mayezi) (**hydroxyde d'aluminium ou magnésium**).

Pou rense je yo, kenbe je a louvri. Vide likid la nan je a tou pre nen an, fè l koule nan direksyon oubyen bò zòrèy li.

Pou rense bouch la, fè li pran ti bouche, rense, epi krache yo.

Nou ka sèvi ak melanj sa a pou rense po a kote yo flite l ak gaz pwav. Li ka bay ti soulajman.

Lòt zam lapolis

Bal ki fèt an kawotchou, gaz lakrimojèn, kanon dlo, ak baton, yo tout ka bay gwo blesi k ap senyen, zo kase, oubyen blesi anndan kò a k ap bay san. Blesi nan je ak nan tèt ka grav anpil. Egzaminen yon moun byen, depi tèt li rive sou zòtèy li. Voye je sou li pou wè si li pa p pèdi san anndan kò a, oubyen si li pa fè chòk (paj 11). Men siy ki fè nou rekonèt sa: li gen tèt vire, li blèm, oubyen li fèb. Aprann plis sou blese nan je; al gade nan Pwoblèm Je, paj 9.

Kriz sante mantal

Si yon moun chanje konpòtman li sanzatann, si li gen lide etranj, si li wè bagay lòt moun pa ka wè yo, epi si li bwouye nèt, sa ka ba li menm laperèz, epi fè lòt moun pè tou ki bò kote l. Chapit Sante Mantal (ki poko ekri) fè nou konnen plis sou maladi mantal, ak lide dwòl ki anpeche yon moun fonksyone nòmalman.

Lè yon moun gen lide ak konpreyansyon ki tèlman dwòl la, epi l ap menase fè tèt li mal oubyen fè lòt moun mal, se ka ijan. Pote li sekou san pèdi tan. Menm jan nou fè nan tout ka ijan, gade pou wè si li pa p respire byen, si li pa p pèdi san, epi si li pa gen lòt blesi. Lè fini, eseye fè l poze san li, epi fè l santi tout bagay sou kontwòl. Sa ka sove lavi li.

*Si yon moun di li pral fè tèt li mal oubyen li pral fè lòt moun mal,
se pou nou kwè sa li di nou.*

Si yon moun ap menase lòt moun, anpil fwa li pi bon pou moun ki ozalantou li rale kò yo nan sityasyon an, pase pou fè moun malad la deplase. Chache lòt moun ede ou pou asire ke moun nan ak katye a an sekirite. Veye pou ou pwoteje pwòp tèt pa ou tou.

Si yon moun di l ap pral blese oubyen touye tèt li, premye bagay pou ou fè se rete poze, epi koute sa l ap di a. Poze li kesyon an dousè; konsa wa fè li konprann ke ou gen kè sansib pou li, epi w ap konprann sa li di ou. Lè w ap poze li kesyon, sa ka chanje lide li, epi fè li abandonnen pwojè li.



1. Mande l si li deja gen lide fè tèt li mal, oubyen lide fè yon lòt moun mal; oubyen mande l si li gen tan fè l.



2. Mande li si li deja fè plan pou touye tèt li.
Mande li si li gen mwayen pou rive fè l. Plis li ka di ou egzakteman sa li vle fè, se plis pwoblèm lan grav.



3. Mande li fè ou promès ke li dakò avèk ou pou l pa fè tèt li mal, ni pou l pa fè lòt moun mal. Epi wete tout zouti ak zam li genyen.



Si li tonbe dakò ak ou, konsa li ka kenbe men jis ou jwenn bon jan trètman pou regle pwoblèm li yo. **Pa kite l pou kont li.** Rete avè l, oubyen mande fanmi li oubyen zanmi li rete avè l. Veye pou li pa soule tèt li—pou l pa sèvi ak ni alkòl, ni dwòg. Alkòl ak dwòg ka fè li bwouye, konsa li gen pi gwo chans pou fè tèt li mal. Li ka bon pou nou chache èd bò kote moun ki responsab nan legliz oubyen bò kote chèf yo nan kominate a. Nou dwe montre l jan nou gen kè sansib pou li. Pou konnen pi byen ki jan nou ka toujou pote l sekou, al gade nan Sante Mantal (chapit sa a pokò ekri).

*Lè nou mande yon moun si li gen lide touye tèt li,
se pa kesyon sa a ki va pouse l fè l.*

Anpwazonnman

Pou pifò pwazon: **fè vit ba li bwè anpil dlo**, pou rense pwazon an fè l soti nan kò a. Si nou ba li **charbon actif** (poud chabon), sa ap bwè pwazon an pou l pase nan watè a. Si nou konnen non pwazon an, al gade nan tablo yo ki anba nan paj 45 - 47 pou konnen ki sa nou dwe fè.

Granmoun: bay 50 - 100 gram poud chabon; melanje l ak dlo.

Timoun: kalkile ki pwa nou ta ba li, epi bay 1 gram pou chak kilogram pwa li; melanje l ak dlo.

Poud chabon pa koute chè, epi li bon pou nou mete l nan bwat famasi nou. Pou aprann plis, al gade nan paj 79.

Si yon moun pa ka respire byen, oubyen si l ap pèdi konnesans, pa ba li ni dlo, ni poud chabon, ni okenn lòt bagay nan bouch. Sonje byen: sa ki pi enpòtan, se pou yon moun ka pran souf.

Lè yon moun bwè pwazon, li pa fasil bon pou nou fè li vomi. Sa ka menm pote danje. Si yon moun te vale yon pwodwi chimik ki wonje anndan kò a, tankou asid oubyen lesiv, oubyen si li bwè gazolin, gaz lanp, gazòye, terebantin (tinè), oubyen si souf li anlè, pa janm fè l vomi.

Si nou vle fè moun nan vomi, fè l ase vit ke nou kapab. Fòk pokò gen de twa zèdtan ki pase depi sa rive. Pou fè yon moun vomi, foure yon dwèt nan göj li. Oubyen fè li vale yon kiyè sèl.

KI SA POU NOU FÈ POU MOUN PA BWÈ PWAZON

Nou kapab anpeche anpwazonnman. Ekri byen klè sou tout bwat pwazon ak bwat medikaman pou fè moun konnen ki sa ki ladan yo. Sere yo kote timoun pa ka rive, byen wo, oubyen mete yo anba kle. Pa janm mete manje oubyen bwason nan bwat oubyen boutèy ki te sèvi pou sere pwazon, menm si nou lave yo. Parèyman, pa janm mete pwazon nan bwat oubyen nan boutèy ki te sèvi pou sere manje oubyen bwason.

Lè moun vle fè tèt yo mal oubyen touye tèt yo, yo konn sèvi ak pwazon. San fè gwo efò, nou ka anpeche moun touye tèt yo, si nou mete anba kle tout pwazon, fizi, ak lòt bagay ki ka bay lanmò. Pou aprann ki jan nou ka ede yon moun ki vle touye tèt li, al gade nan Sante Mantal (chapit sa a pokò ekri).



Sere tout bagay ki pwazon kote timoun pa ka rive.

ANPWAZONNMAN AK Pwodwi CHIMIK

Kalite pwodwi chimik	△ Siy anpwazonnman	+ Ki sa pou nou fè
Pwodwi ki boule:		
• Amonyak (ammoniaque)		• Pa fè l vomi.
• Pil		• Poud chabon pa efikas.
• Asid		• Ba li bwè anpil dlo, mezi li kapab pran. Chache konkou.
• Pwodwi ki pou debouche twou rego		
• Soud kostik (soude caustique)		
• Lesiv (lessive)		
Idwokabi (hydrocarbure)		
• Gazolin	• Asid kabolik	• Souf li anlè
	(acide phénique)	• Li touse, li toufe, li trangle
• Terebantin, tinè (diluant à peinture)	• Kamfork (camphre)	• Li gen lafjèv
		• Li fè kriz, li endispoze (pèdi konnesans)
• Gaz lamp	• Fenòl	• Souf li ka santi pwazon an
	• Lwill pen (phéno)	Se pi gwo danje liè moun respire yo.
		• Fè respirasyon bouch nan bouch, si nesèse (paj 6). Veye l pandan 2 jou pou wè ki jan ap pran souf.
		• Chache konkou.
Syani (cyanure)		
• Yo sèvi avè l nan min, faktori, tannen kwî, pwazon rat.	• Pwoblèm pou li pran souf	• Pa fè l vomi.
• Moun ka respire l, oubyen vale l ak manje oubyen dlo ki kontamine.	• Li gen maltèt, li bwouye, li fè kriz	• Voye je sou ki jan ap pran souf. Si kè a sispann bat, eseye fè l bat ankò (paj 6 - 7).
	• Dommaj nan sèvo k ap dire lontan sou li	• Pa fè respirasyon bouch nan bouch san mas.
	Dife anndan kay ka fè moun respire l si gen syani nan begay k ap boule. Lafmen an santi zanmann anlè.	• Ba li bwè anpil dlo.
		• trete l ak nitrite de sodium (paj 81), lè fini, bay thiosulfate de sodium (paj 82).

ANPWAZONNMAN AK Pwodwi CHIMIK

Kalite pwodwi chimik	△ Siy anpwazonnman	+ Ki sa pou nou fè
Òganofosfat e kabamat (Organophosphate e carbamate):	<p>Nou jwenn yo nan kèk pestisid (pwazon ki pou touye ti bèt) tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Malasyon (<i>malathion</i>) • Parasyon (<i>parathion</i>)  <p>Yo ka fè moun sispanm pran souf, oubyen bay lòt gwò pwoblèm.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Kè a bat dousman, kò a fèb, souf li anlè • Nen, je, ak bouch li yo bay anpil dlo • Li fè kriz • Souf li ka santi gazolin osinon lay • Pwoblèm grav, ki kapab koze lamò, ka rive plizye jou aprè li bwè pwazon an. Pwoblèm nè ki diire sou moun ka parèt nan plizye senmenn • Gade pou wè si l ap respire byen. Fè respirasyon bouch nan bouch, si li nesesè. • Antidot: atropine (paj 80). • Ba li charbon actif (poud chabon) si pokogen inèdtran depi li bwè pwazon an (paj 79). • Fè vit lave po a. Jeté tout rad ki kontamine. • Si li fè kriz, ba li diazéepam (dyazepam) (paj 86).
Pwazon ki pou touye plant	 <ul style="list-style-type: none"> • Parakat (<i>Paraquat</i>) (non mak: <i>Gramoxone</i>, <i>Cyclone</i>, <i>Herbikill</i>, <i>Dextron</i> ak anpil lòt) • Glifosat (<i>glyphosate</i>, non mak <i>Roundup</i> ak lòt non) 	<ul style="list-style-type: none"> • Pwoblèm souf (ki ka pran kèk jou pou l'rive) • Bouch fè mal • Pipi ki gen koulè wouj osinon mawon, li pa pipi anpil oubyen li pa pipi menm (sa fè nou konnen ren yo ap sispann mache—se grav anpil). Si yon moun bwè anpil pwazon, li ka boule bouch ak gòj li, bay vant fè mal, ak pwoblèm pou l pran souf. • Gade pou wè si li pa p respire byen. Si li nesesè, fè respirasyon bouch nan bouch. • Ba li charbon actif (poud chabon) (paj 79). • Chache konkou. <p>Li ka pase nan po a antre nan kò a, moun ka respire l, men sa ki pi mai se lè yon moun vale l.</p>

ANPWAZONNMAN AK MEDIKAMAN AK LÒT DWÒG

Medikaman	△ Siy nou wè lè yon moun bwè twòp	+ Ki sa pou nou fè
Fer (fè):	<ul style="list-style-type: none"> Sulfate de fer (sulfat fè) Gluconate de fer (glikonat fè) Vitamin pou fanm ansent Miltivitamin nan gressn oubyen siwo 	<ul style="list-style-type: none"> Li gen doulé, vomisman, dyare, li vomi san, li bwouye. Chòk, touswit oubyen jis nan 2 jou. Si yon moun pran twòp, sa ap dommajé vant ak trip yo. Li gen kè plen, li swe, po li blèm, li fatige. Lè fini, li ka gen doulé nan fwa (amwo vant, kote dwat), lajonsi, li bwouye, li pipi san.
Paracétamol (paracetamol)		<ul style="list-style-type: none"> Li gen kè plen, li swe, po li blèm, li fatige. Lè fini, li ka gen doulé nan fwa (amwo vant, kote dwat), lajonsi, li bwouye, li pipi san.
Acétoninophène (Tylenol, Panadol, Crocin ak lòt non mak)		<ul style="list-style-type: none"> Yo mete l nan anpil medikaman pou grip ak doulé (li sa ki ekri sou bwat la). Si yon moun pran twòp, sa ap dommajé fwa a.
Nakotik	<ul style="list-style-type: none"> Morphine (mòfin) Heroïne (ewoyin) Fentanyl (fantanil) Methadone (metadòn) 	<ul style="list-style-type: none"> Lespri li lou, reyaksyon li lou, souf i piti oubyen li sispann pran souf. Oxycodone (okikodòn) Codéine (kodeyin) • Lòt medikaman ki pou kalme gwo doulé
Alkòl		<ul style="list-style-type: none"> Li vomi. Li bwouye. Li fè kriz. Souf li lant, li pèdi konpa li. Li endispoze. Si yon moun bwè twòp, li ka fe i sispann pran souf.
		<ul style="list-style-type: none"> Fè vit fè li vomi, sa ka ede l. Ba li bwè anpil anpil dlo, mezi li kapab pran. Poud chabon pa efikas. Antidòt: Déferoxamine (defewoksamin, paj 80). Voye je sou ki jan l ap pran souf. Li bon pou nou fe vit fè l vomi. Ba li poud chabon ak anpil dlo. Antidòt: Acetyl/cysteine (asetilsisteyin, paj 81). Si li pa rive pran 12 souf nan yon minit, fe respirasyon bouch nan bouch (paj 7). Antidòt: naloxone (nalaksòn)(paj 81). Pa ba li ni manje ni bwè jis li ka pran souf byen. Vire l sou kote pou l pa toufe si li vomi. Kenbe li cho. Si li kapab bwè, ba li sewòm oral (Vant fè Mal, Dyare ak Vè, paj 22). Voye je sou ki jan l ap pran souf. Fè respirasyon bouch nan bouch si li nesèse.

Kriz sik (dyabèt)

Maladi sik se yon maladi ki fè kò yon moun pa kapab trete sik ki nan manje a. Si li vin gen twòp sik nan san an, oubyen, si li pa gen ase, li ka dekonpoze sanzatann. Moun ki gra pi fasil pran maladi sik (dyabèt) men nenpòt moun ka pran li (al gade nan Dyabèt, Maladi sik).

Si nou konnen yon moun ki gen pwoblèm ki soti nan maladi sik la, men nou pa konnen si li pa gen ase sik nan san an, oubyen si li fè twòp sik, trete li kòm si li pa gen ase sik (ba li yon ti dous) epi mennen li kay doktè.

Lè pa genyen ase sik nan san an

Se sèlman lè yon moun pran **insuline** (ensilin), oubyen lòt medikaman pou trete maladi sik, ke kantite sik ki nan san an kapab desann twòp. Men sa ki ka fè l desann twòp: li pran twòp medikaman, li pa manje ase, li fè twòp travay fizik, li tann yon tan ki twò long pou l manje, oubyen li bwè alkòl.

Lè kantite sik ki nan san yon moun twò ba, li ka maladwat, li bwouye, nèvè, oubyen li sanble ak yon moun ki sou. Li ka swe oubyen tranble. Si sa rive, fòk li manje. Si li pa manje, maladi ap vin pi rèd toujou. Epitou, li pral gen pwoblèm grav ki ekri anba.


SIY KI MONTRE GEN DANJE

- Li mal pou mache, li fèb
- Li wè twoub
- Li bwouye, li aji yon ti jan dwòl, (Lòt moun ka konprann se yon bwasonyè li ye)
- Li endispoze
- Li fè kriz

TRÈTMAN

Si li ak tout konnesans li, fè vit ba li sik, ji fwi, kola, sirèt, oubyen yon vè dlo ak kèk kiyè sik ladann. Lè li santi li refè, se pou li manje gwo manje. Lè 15 minit fin pase depi nou ba li sik, epi li toujou bwouye oubyen li poko fè mye, chache konkou.

Si li endispoze, mete yon ti kras sik oubyen siwo myèl anba lang li. Kontinye ba li sik ti kras pa ti kras. Sa ap pran tan pou sik la pase nan san an. Lè li reveye, nou mèt ba li plis sik.



Si yon moun pa gen ase sik nan san an, li ka sanble ak yon moun ki sou. Konsa lòt moun ka pa rekònèt jan li malad grav.

Lè genyen twop sik nan san an

Yon moun ki soufri ak maladi sik ka gen twòp sik nan san li. Sa rive si li manje twòp, li pa fè kò a fè mouvman jan li te konn fè l, li malad grav, li trape yon enfeksyon, li pa pran medikaman pou maladi a jan li dwe pran li, oubyen li manke dlo nan kò a. Sa ka rive menm si yon moun pa konnen li gen maladi sik. Si nou wè siy ki ekri anba yo, chache konkou:

SIY KI FÈ NOU KONNEN YON MOUN AP FÈ SIK:

- Li swaf; toutan li bezwen bwè dlo
- Li pipi tanzantan epi li pipi anpil
- Li wè twoub
- Li pèdi pwa
- Li gen kè plen ak vomisman
- Li gen vant fè mal

Si nou pa trete yon moun ki gen twòp sik nan san an, se gwo danje. Li ka endispoze oubyen li ka mouri menm. Si nou wè siy danje ki ekri anba yo, pou sove lavi malad la, chache konkou:

SIY KI MONTRE GEN DANJE

- Kè li bat vit
- Souf li santi fwi
- Po li sèch
- Tansyon li ba
- Li depale, li bwouye
- Souf li anlè, li rale gwo souf
- Li endispoze

TRÈTMAN

Kouri mennen moun malad la nan yon sant sante. Si li ak tout konnesans li, ba li bwè anpil dlo, ti kras pa ti kras.

Si nou sèten l ap fè sik, epi nou konnen ki dòz ensilin l ap pran, ba li yon ti dòz pandan nou nan wout. Men si nou pa konnen tout bon vre, pa ba li ensilin. Si li pa gen ase sik nan san an, epi nou ba li ensilin, sa kapab touye li.

Kriz

Kriz se lè yon moun rete konsa li pèdi konnesans, oubyen li ka aji yon ti jan dwòl. L ap bat kò li, oubyen l ap tranble san li pa ka kontwole mouvman kò li. Nòmalman, sa pase nan de twa minit.

Sa ki kapab lakòz se gwo lafyèv, manke dlo nan kò, blesi, malarya, anpwazonnman, oubyen lòt bagay toujou. Si yon moun fè kriz tanzantan san nou pa wè maladi, yo rele sa malkadi—al gade nan Pwooblèm Tèt ak Sèvo (chapit sa a pokò ekri). Si nou pa wè okenn pwoblèm grav konsa, epi si se yon sèl kriz li te fè, se ka pa grav. (Men lè moun wè yon moun k ap fè kriz, sa fè yo pè anpil.) Si li fè yon lòt kriz, se pou li al jwenn yon ajan sante.

TRÈTMAN

Lè yon moun ap fè kriz, wete tout bagay bò kote l pou l pa fè kò a mal. Kouche li sou kote; konsa, si li vomi, li pa p rale vomi an nan poumon li. **Pa sere yon moun k ap fè kriz, ni pa eseye kenbe lang li.**

Si li fè kriz paske li **manke dlo**, chache konkou doktè. Lè kriz la fin pase, ba li sewòm oral (al gade nan Vant fè Mal, Dyare ak Vè, paj 22).


Si se **menenjit** ki bay kriz la, chache konkou doktè. Al gade nan Ki Jan pou Nou Okipe Timoun, paj 13.

Si se malarya, chache konkou doktè. Pandan nou nan wout, ba li diazépam (dyazepam) (paj 86). Ba li medikaman pou malarya (al gade nan chapit Malarya, lafyèv deng, ak lòt maladi moustik bay).

Si kriz la dire plis pase 15 minit, ba li **diazépam** (dyazepam) likid nan twou dèyè li. Sèvi ak yon sereng san zegwi. Pa bay plis pase dòz yo di pou nou bay la, epi pa bay plis pase 2 dòz (paj 86).


Lè yon moun soufri ak **tetanòs**, kò li vin tou rèd. Nou ka twonpe nou epi kwè se yon kriz l ap fè. Machwè li sere (machwè rèd) epi tout kò a vin rèd. Aprann rekonèt premye siy tetanòs (paj 21).

Aprè kriz la fin pase, moun nan ka lou, epi li ka anvi dòmi. Fè li santi tout bagay sou kontwòl.



Piki ak Mòde bète

Pa koupe louvri yon mòde. Pa eseye rale pwazon an. An plis, si nou mare yon manm ak yon tounikèt (yon bann ki byen sere), sa pa p anpeche pwazon an gaye nan kò a. Okontrè, sa ap andomaje gravman manm ki mare a.



Pifò mòde ak piki fè mal anpil, men yo pa danjere. Menm bète ki gen kalite pwazon ki ka touye moun, yo pa fasil pike ase pwazon pou touye yon moun. Rete poze. Veye kote l te mòde a. Si pa genyen pwoblèm, oubyen si pwoblèm yo kòmanse pase aprè de twa zèdtan (sa depann de bète ki te mòde a), tout ka ale byen. Se pi gwo danje pou timoun paske kò yo piti. Pwazon an aji plis sou yo; konsa sa konn mande yon swen espesyal.

Mòde koulèv

1. Wete kò ou sou koulèv la. Genyen de koulèv ki ka mòde moun, menm si yo dejà mouri depi kèk minit.
2. Wete tout rad ak bijou bò kote mòde a, paske kò a ka anfle.
3. Mete pati kote bète la te mòde a pi ba pase kè li. **Pa kite l fè mouvman;** mete manm lan nan yon aparèy oubyen yon echap. Si li fè mouvman, sa ap gaye pwazon an nan kò a.
4. Netwaye blesi a byen dousman. Pa fwote l.
5. Nan pifò ka mòde koulèv, oubyen si nou pa konnen ki kalite koulèv li ye, rete tann. Voye je sou li pandan de twa zèdtan. Si mòde a pa anfle oubyen li yon ti jan anfle, li wouj, si li pa fè twò mal, pa gen pwoblèm. Siy ki fè nou rekònèt gwo danje se: li anfle anpil, li fè mal anpil, moun nan anvi dòmi, po je li tonbe, li gen tèt vire, li fèb, li anvi vomi, oubyen l ap senyen nan bouch oubyen nan nen li.

Mande moun nan pou l rense bouch li ak dlo epi krache l nan yon vesò ki gen koulè klè. Si krache a gen koulè wòz oubyen si nou wè ti san ladann, jansiv li yo ap senyen. Se yon siy ki fè nou konnen gen danje.

Si mòde koulèv la fè mak kwochè, koulèv la gen pwazon. Si li pa t fè mak kwochè, li pa fasil gen pwazon, men li posib.


Ann Ayiti, nou wè kèk ti koulèv. Men sèlman kote ki gen anpil pye bwa ak gwo wòch, nou ka jwenn kèk gwo koulèv. Nou fasil wè yon ti koulèv ki gen koulè vèt, men pi fasil se yon kalite ki gen koulè zenga. Nou pa fasil tandé koulèv viktim moun.

Ann Ayiti, nou pa jwenn koulèv ki gen pwazon ki ka touye moun. Genyen plizyè ti koulèv ki sèvi ak pwazon pou yo touye ti bète, tankou vè, foumi, leza, zandolit, ak gounouy. Yo gen longè 8 rive 12 pou. Genyen lòt ti koulèv ki vlope kò yo sou ti bète pou toufe yo. Yo pa pi gwo pasè 30 pou.

Arenyen ak eskòpyon



Pifò arenyen, mete krab arenyen ladan yo, ak eskòpyon, lè yo pike moun, li fè mal anpil, men pa fasil gen danje nan sa. Fè moun nan rete poze pou l pa fè mouvman ak manm kote ti bèt la te pike l. Mete dlo frèt oubyen glas sou li, pou soulaje doulè a. Pa koupe l louvri. Pa mare manm lan ak yon bann oubyen yon pansman. Dlo cho pa p soulaje l. Sa ki pi bon se pou l rete poze.



Si nou konnen arenyen an oubyen eskòpyon an gen pwazon ki ka touye moun, oubyen, si moun li te pike a vin gen pwoblèm tankou: vant fè mal, gratèl, si li swe, e si li pa ka respire byen, chache konkou doktè. Petèt nou ka jwenn yon antipwazon.

Si se yon laktwodèk (*lactrodecte; black widow spider*) oubyen yon eskòpyon ki te pike yon moun, nou ka ba li **diazépam** (dyazepam) (paj 86) pandan nou nan wout. L ap anpeche lakranp nan vyann kò a epi l ap ede l poze san li.


Myèl ak gèp

Lè yon myèl oubyen yon gèp pike yon moun, verifye si dan li toujou anba po a. Wete l pi vit ke nou kapab. Po ki kouwonnen piki a ka vin wouj, anfle, epi l ap fè mal. Fè yon pat ak bikabonat e dlo, epi mete l kote ti bèt la te pike a. Oubyen mete yon bagay frèt sou li. Sa ka kalme doulè a epi desann anflamasyon an.

Moun ka fè alèji ak piki myèl e gèp. Sa pa rive souvan, men li ka pote yon moun ale. Aprann ki jan nou ka rekonèt epi trete yon reyakson alèji ki grav (paj 55).

Tik

Lè tik yo pike moun, yo ka simen plizyè kalite enfeksyon ki grav. Pou nou konnen plis nan koze tik ak ki jan pou nou wete yo san danje, al gade nan Pwoblèm Po (chapit sa a poko ekri).



Pwason ak gratèl (mediz) (*meduse; jellyfish*)

Wete kò nou sou gratèl yo. Grate wete tout tantakil yo. Lave blesi yo ak dlo lanmè. Pou pwason ki pike, wete tout pikan ak yon pens.

Pou soulaje mal la, tranpe manm lan nan dlo cho pandan 20 minit. Fè atansyon pou dlo a pa twò cho pou pa boule moun nan. Dlo cho ka pi bon pou piki pwason pase pou piki gratèl.


Genyen plizyè remèd peyi, men tout remèd pa efikas pou tout kalite pwason ak gratèl. Pa egzanp, genyen yon kalite gratèl (*guêpe de mer; sea wasp*), lè li pike yon moun, si nou lave piki a ak vinèg, sa ap soulaje mal la. Men vinèg fè piki lòt gratèl fè pi mal toujou. Papay se yo bon remèd pou trete piki kèk gratèl, men gen lè li pa mache pou tout. Gen de fwa li fè l fè pi mal toujou.

Lè yon bêt lanmè pike yon moun, li mèt sèvi ak manm nan. Si li rete poze, si li fè mouvman, pa gen diferans—se pa menm jan ak mòde koulèv e arenyen. Si li gen pwoblèm pou pran souf, oubyen si l ap vin pi malad, chache konkou doktè.

Alèji: alèji ki pa twò grav, ak alèji ki grav anpil

Nan bagay ki ka bay alèji ki pa twò grav genyen pousyè, poud jòn flè, piki ti bêt ak zèl, oubyen kèk kalite manje, pwodwi chimik, ak medikaman. Jeneralman, nou ka trete alèji sa yo ak ***antihistaminiques*** (anti-istaminik) (paj 75).

SIY KI FÈ NOU REKONÈT YON ALÈJI KI PA TWÒ GRAV



Genyen alèji ki pi grav anpil, ki kapab etenn souf yon moun nan yon ti moman.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT YON ALÈJI KI GRAV ANPIL (CHÒK ALÈJI, CHÒK ANAFILAKTIK)


- Li gen po wouj, gratèl, demanjezon
- Lèv, bouch, ak gòj li yo anfle, li mal pou vale
- Li gen pwoblèm pou l pran souf
- Men ak pye li yo anfle
- Li gen kè plen oubyen vant fè mal

Siy nou wè pi fasil se gratèl ak pwoblèm pou li pran souf.

Si moun nan pa ka vale, oubyen si li gen pwoblèm pou li pran souf, **fè vit li bay adrénaline** (adrenalin). Bay piki 0,3 - 0,5 mg. Bay yon lòt dòz nan 5 minit, si nou wè li nesesè.

Tout flakon **adrénaline (épinéphrine)** pa gen menm konsantrasyon, sa vle di, yo pa genyen menm valè medikaman nan yon mililit. Gade pou wè konbyen miligram adrénaline yo mete nan yon mililit likid. Verifye ki dòz pou nou bay; apre sa, kalkile konbyen mililit likid ap fè dòz sa a. Ekri dòz la byen klè, epi mete l nan bwat famasi a. Pa rete tann ka ijan rive pou n kalkile dòz la. Oubyen, nou ka achte sereng ki deja pare, ki gen **adrénaline** ladan yo. Yon non mak se *EpiPen* (epipèn) (paj 77).

Bay piki **adrénaline** nan kwis, bò isit.



Leve pye li yo pi wo pase kè a.


Si li gen pwoblèm pou pran souf, nou ka ba li **salbutamol** (salbitamòl) (paj 78). Li bon tou pou nou bay yon **antihistaminique** (anti-istaminik) (paj 75).

Jeneralman, si nou fè alèji ak yon medikaman, yon manje, yon piki myèl, oubyen ak nenpòt lòt bagay, nou dwe evite l pou tout rès lavi nou. Dezyèm fwa a, nou mèt konnen reyakson an ap pi fò.

Kriz chalè

Lakranp, dekonpozisyon, ak pwoblèm gwo chalè ka bay

Lè tan an fè cho, moun k ap travay di epi k ap swe anpil, yo konn gen yon lakranp ki pran yo nan janm, nan bra, oubyen nan lestimak. Sa rive paske, lè yon moun ap swe, kò li vin manke sèl.



SIY KI FÈ NOU REKONÈT DEKONPOZISYON GWO CHALÈ

- Swaf la rèd sou li
- Li pèdi fòs
- Tèt li fè mal
- Li gen kè plen oubyen lakranp nan vant
- Nòmalman, kò li mouye, li ka vin frèt, li blèm
- Po a ka tingting li, gratèl ka leve sou po a

TRÈTMAN



- Kouche moun nan yon kote ki fè fre. Wete rad ki pa nesesè sou li.
- Ba li sewòm oral (al gade nan Vant fè mal, Dyare, ak Vè, paj 22)—melanje yon demi kiyè sèl nan yon lit dlo.
- Ba li bwè anpil lòt likid ki fre.
- Lonje manm ki fè lakranp la tout longè li, fè li bouje pye li oubyen fè ti mache dousman.

Si nou manke trete dekonpozisyon gwo chalè, moun nan ka endispoze nèt.

Endispozisyon gwo chalè

Endispozisyon gwo chalè se gwo danje. Sa rive lè tan an fè cho anpil, epi yon moun rete twò cho pandan yon tan ki twò long. Si nou pa trete l, li ka pote yon moun ale.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT LI

- Kè li bat vit, souf li wo
- Po a vin wouj, li cho, li sèch oubyen mouye
- Li gen vomisman oubyen dyare
- Li depale
- Li endispoze, oubyen li fè kriz
- Li gen gwo lafyèv, pi wo pase 40 degré C



Endispozisyon gwo chalè rive moun ki pa ka reprann yo ase vit lè yo twò cho. Sa pi fasil rive ti granmoun, tibebe, moun ki malad, moun ki gra anpil, ak moun ki bwasonnyè.



Sa konn rive jennjan ki an sante, si yo travay twò di, oubyen si yo fè twòp egzèsis nan tan gwo chalè. Moun sa yo konn gen po mouye olye po sèch.

TRÈTMAN

Fè vit desann lafyèv la: mete l kouche nan lonbraj. Wete rad ki pa nesesè sou li. Fè van pou li. Mouye tout kò li ak dlo frèt. Mete glas, oubyen twal ki mouye ak dlo frèt, sou kou li, nan zesèl, ak nan lenn li. Si se yon moun ki an sante, nou ka plonje l tout antye nan dlo frèt. Men se danje pou vye granmoun ak pou moun ki deja malad.

Si li gen je klè, ba li sewòm oral (Vant fè mal, Dyare ak Vè, paj 22). Oubyen ba li nenpòt likid frèt. Men fè atansyon pou li pa toufe; kriz chalè ka fasil bay yon moun pwoblèm pou l pran souf.

Endispozisyon an ka anvlimen sanzatann. Si li posib, li pi bon pou nou chache konkou doktè.

KI JAN POU NOU EVITE KRIZ CHALÈ

Pou nou evite kriz chalè lè nou deyò, pote rad ki gen koulè klè; pote chapo pou bay figi ak kou a lonbraj. Kote moun travay anndan, se pou lè a ka byen pase, epi pou yo sèvi ak vantilatè. Moun gen dwa pran yon pòz tanzantan, epi bwè likid frèt ase souvan. Lè moun travay, oubyen lè y ap jwe lè tan an fè cho, yo pa gen dwa pran plis pase yon ti kras tafya oubyen lòt alkòl. Alkòl fè moun vin manke dlo.

Kout solèy

Se moun ki gen po klè ki pi fasil pran gwo kout solèy. Po a vin wouj, li fè mal, li cho. Nan ka grav, li leve glòb epi li anfle. Glòb kout solèy ka bay yo kapab enfekte, menm jan ak lòt boule. Pa gen danje nan yon sèl kout solèy, men si yon moun pran anpil kout solèy, li ka koze kansè nan po. Al gade nan chapit Kansè, paj 18.

Yon kout solèy ap geri pou kont li pandan kèk jou. Dlo lalwa oubyen medikaman pou kalme ti doulè ka soulaje mal la. Ka gen kèk remèd peyi oubyen remèd fèy nan zòn pa nou an ki kapab kalme mal la.



KI JAN POU NOU EVITE KOUT SOLEY

Lè nou soti anba gwo solèy, pote chapo ak rad ki kouvri po a. An plis, pou evite kout solèy, nou ka pase yon ponmad solèy (ponmad ki pou pwoteje po a kont solèy la) sou po a anvan nou soti.



Kriz fredi

Lè chalè kò a twò ba

Si yon moun twò frèt pandan yon tan ki twò long, li ka mouri. Nan yon ti moman li ka fè yon moun depale, epi ba li lespri lou, ki fè li pa kapab kalkile byen sou sa li dwe fè pou chofe kò li.

SIY KI FÈ NOU REKONÈT LI

- L ap frisonnen
- Kè li bat vit, souf li anlè.
- Li pa pale klè, li maladwat.
- Li bwouye.
- Li pipi plis.

Pandan chalè kò a ap desann, batman kè a ak souf li ap ralanti tou. Moun nan ka chita, li sispann frisonnen, epi li tèlman bwouye, li kòmanse wete rad sou li. Lè fini, li ka endispoze oubyen mouri.

TRÈTMAN

Si li pa p pran souf, fè respirasyon bouch nan bouch pou li (paj 6). Yon moun ki frèt anpil ka reprann li, menm si li pa t pran souf pandan yon bon ti tan. Nou ka oblige fè respirasyon bouch nan bouch pou li pandan inèdtan oubyen menm plis pase sa.

- Mete li kote li fè cho epi li sèch.
- Wete rad ki mouye.
- Vlope l ak dra ki cho e sèch. Fè atansyon pou nou kouvri tèt li, men li, ak pye li yo.
- Fè tout sa nou kapab fè pou rechofe moun nan. Karelè l pou chalè kò nou chofe kò pa l. Chofe pyè epi mare yo nan twal, oubyen sèvi ak yon boutèy dlo cho pou chofe l. Men fè atansyon pou nou pa boule po a.

Si moun nan ka leve chita, epi si li kapab kenbe yon vè, ba li bwè bwason cho. Pa ba li tafya. Menm si tafya santi «cho» nan bouch ak nan vant yon moun, li fè kò a pèdi chalè. Ba li manje. Sirèt ak lòt dous bon anpil. Apre sa, ba li manje gwo manje. Ankouraje li bwè anpil dlo.

Si chalè kò a tonbe pi ba pase 32 degré C (90 degré F), si li pèdi konnesans, epi si li pa p frisonnen ankò, ka a grav anpil. Fè vit chache konkou, men pandan nou nan wout, eseye aji jantiman avè l.



Rad ki sèch, dra, ak chapo

Chalè kò yon lòt moun
(oubyen pyè ki chofe, boutèy
dlo cho)

Bwason ki cho e sikre

Dra ki pliye, oubyen bwat katon,
pou kouvri tè frèt kote li chita a

Medikaman

Antibiotik

Antibiotik se medikaman ki ka kraze fòs enfeksyon mikwòb kapab bay la. Yo pa aji sou maladi virus, tankou varisèl, lawoujòl, grip, ak rim. Se pa tout antibiotik ki ka konbat tout mikwòb maladi.

Antibiotik ki sanble youn ak lòt, nou di yo soti nan menm fanmi an. Se pou nou konnen nan ki fanmi antibiotik la soti. Men pouki sa nou dwe konnen:

1. Antibiotik ki soti nan menm fanmi an ka byen trete menm pwoblèm yo. Sa vle di, nou ka sèvi ak yon lòt medikaman nan menm fanmi an.
2. Antibiotik ka bay reyakson alèji. Depi yon moun fè alèji ak yon antibiotik, se tout antibiotik ki soti nan menm fanmi an ki va bay menm pwoblèm nan. Konsa, nou oblige sèvi avèk yon antibiotik ki soti nan yon lòt fanmi.

Se pou malad la pran antibiotik la san sote dòz, jis li fin pran tout medikaman li gen pou pran an. Si li sispann pran medikaman an anvan li fin fè tout trètman an, menm si li santi li geri, enfeksyon an ka tounen sou li pi rèd ankò. Lè sa a, l ap pi mal pou trete.

Pénicilline (penisilin)

Medikaman ki nan fanmi **pénicilline** se pamí remèd yo pi sèvi pou touye mikwòb. Yo bon pou anpil kalite enfeksyon, menm enfeksyon ki bay postim.

Nou mezire dòz penisilin nan an miligram (mg), oubyen an inite. **Pénicilline G:** 250 mg = 400,000 inite.

Pou pifò moun, penisilin se yon medikaman ki pa gen danje. Si yo pran yon dòz ki twò gwo, li pa p fasil fè yo mal, men se lajan jete.

Lè **pénicilline** pa p travay

Gen de lè penisilin pa p aji sou enfeksyon an; li pa ka konbat enfeksyon an jan pou l ta fè l la. Se ka paske mikwòb yo vin gen yon fòs pou kenbe tèt ak penisilin. Si penisilin senp pa bay rezila, nou mèt eseye yon lòt kalite penisilin, oubyen yon antibiotik ki soti nan yon lòt fanmi. Pa egzanp, lè se nemoni k ap kenbe anba penisilin, sèvi ak **cotrimoxazole** oubyen **érythromycine**.

Danje ak prekosyon ▲ Pou tout kalite **pénicilline** (**ampicilline** ak **amoxicilline** ladann)

Genyen kèk moun ki fè alèji ak penisilin; san yo pa ale avè l. Lè konsa, yo konn gen gratèl ak bousòl ki leve sou kò yo. Sa konn pran kèk èdtan, menm kèk jou apre yon moun pran penisilin anvan gratèl la parèt. Reyakson alèji a ka dire kèk jou. Fòk malad la sispann pran penisilin touswit. Yon **antihistaminique** (anti-istaminik) ka soulaje gratèl la (paj 75). Si penisilin bay kè plen ak dyare, se pa yon reyakson alèji yo ye. Menm si li bay ti traka, sa pa mande yon moun sispann bwè penisilin.

Yon lè konsa, **pénicilline** ka bay yon move reyakson yo rele chòk alèji. Lè konsa, fini yon moun fini bwè penisilin lan, se mèt kèk minit, se mèt kèk èdtan, figi li vin wouj, lèv ak gòj li yo kòmanse anfle, li pa ka pran souf byen, li kòmanse dekonpoze, epi li tankou yon moun ki pran yon chòk. Genyen gwo danje nan sa. Fòk nou ba li **adrénaline** touswit. Se pou nou toujou gen **adrénaline** disponib lè n ap bay piki penisilin (paj 77).

Si yon moun fè alèji ak penisilin, fòk li pa janm pran penisilin ankò—ni amoxicilline, ni ampicilline, oubyen lòt antibiotik ki soti nan menm fanmi an—ni nan bouch, ni nan piki. Si li ta pran li yon lòt fwa, alèji a ka pi fò, epi li ka rive touye l menm. Se pou li sèvi ak **érythromycine** oubyen yon lòt antibiotik.

Piki

Pou pifò enfeksyon penisilin ka geri, bay penisilin nan bouch. Piki penisilin gen plis danje pase penisilin pou vale; yo pi fasil bay alèji ki grav ak lòt pwoblèm. Fè atansyon jan nou sèvi avè l. Sèvi ak piki penisilin sèlman pou enfeksyon ki grav anpil.

Ampicilline e amoxicilline (anpisilin ak amoksisilin)

Ampicilline ak **amoxicilline** se antibiotik ki ka touye anpil kalite mikwòb. Nou ka sèvi ak ni youn ni lòt la. Kote liv sa a preski ampicilline, nou ka ranplase l souvan ak amoxicilline. Veye byen pou nou bay bon dòz la.

Pa fasil genyen danje nan **ampicilline** ak **amoxicilline**. Yo bon anpil pou tibebe ak timoun pitit.

Efè segondè (efè ki pa ann afè ak trètman an epi ki ka bay traka)

Toulede medikaman sa yo, men sitou **ampicilline**, ka bay gwo anvi vomi ak dyare. Si yon malad deja gen dyare, li ta pi bon pou nou pa ba li medikaman sa yo. Chache jwenn yon lòt antibiotik.

Malad la ka gen yon gratèl ki leve sou kò a. Men si li leve glòb ak boul ki vini ale nan kèk èdtan, se byen posib se yon alèji l ap fè. Fòk li sispann pran medikaman an touswit, epi fòk nou pa janm ba li yon antibiotik nan fanmi **pénicilline** ankò. Si li ta pran li yon lòt fwa, alèji a ka pi fò, epi li ka menm rive touye l. Nou ka sèvi ak **érythromycine** (paj 67) pou trete kèk pwoblèm. Lè yon moun gen gratèl ak bousòl ki sanble ak lawoujòl ki leve sou kò a 8 jou konsa apre li kòmanse pran medikaman an, epi yo dire kèk jou, sa pa vle di toutan ke se yon alèji li fè. Men nou pa ka sèten si se yon alèji oubyen non. Jeneralman, li pi bon pou moun nan sispann pran antibiotik la.

Atansyon

Genyen mikwòb ki kenbe tèt ak **ampicilline** e **amoxicilline**. Nan chak zòn gen kèk kalite enfeksyon, tankou chigela, estafilokòk (*staphylococque*) ak lòt enfeksyon, kote nou pa ka sèvi ankò ak medikaman ke nou te konn sèvi pou trete yo.

Ki jan pou nou sèvi ak yo



Ampicilline ak *amoxicilline*, toulede bay bon rezulta lè moun pran yo nan bouch. Nou ka bay piki ampicilline pou trete maladi ki grav.

Menm jan ak lòt antibiotik, toujou bay yon moun pran medikaman an pou pi piti kantite jou yo. Si li toujou bay siy enfeksyon, bay remèd la jis 24 èdtan pou pi piti apre nou pa wè siy enfeksyon ankò. Si li fin bwè medikaman an pou pi gran kantite jou yo, epi li malad toujou, sispann bay antibiotik la, epi chache konkou doktè. Toujou bay moun ki gen VIH/SIDA medikaman an pou pi gran kantite jou yo.

Fòs dòz la chanje ak fòs maladi a, ak laj moun malad la, oubyen ak pwa kò li. Jeneralman, moun ki chetif oubyen moun ki pa malad grav, ba yo dòz ki pi piti a. Bay moun ki pi gwo oubyen ki malad grav dòz ki pi gran an.

AMOXICILLINE (AMOKSISILIN) (NAN BOUCH)

- ➔ Bay 45 - 50 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 2 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:
 - Tibebe ki pokò gen 3 mwa:** bay 125 mg, 2 fwa nan yon, jou pandan 7 - 10 jou.
 - Timoun 3 mwa - 3 ane:** bay 250 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.
 - Timoun 4 - 7 ane:** bay 375 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.
 - Timoun 8 - 12 ane:** bay 500 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.
 - Plis pase 12 ane:** bay 500 - 875 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

AMPICILLINE (ANPISILIN) (NAN BOUCH)

- ➔ Bay 50 - 100 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:
 - Tibebe ki pokò gen 1 ane:** bay 100 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.
 - Timoun 1 - 3 ane:** bay 125 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.
 - Timoun 4 - 7 ane:** bay 250 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.
 - Timoun 8 - 12 ane:** bay 375 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.
 - Plis pase 12 ane:** bay 500 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

AMPICILLINE (ANPISILIN) (NAN PIKI)

Bay piki *ampicilline* sèlman lè yon moun malad grav, si l ap vomi, oubyen si li pa ka vale.

- ➔ Bay piki 100 - 200 mg, pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:
 - Tibebe ki pokò gen 1 ane:** piki 100 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.
 - Timoun 1 ane - 5 ane:** piki 300 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.
 - Timoun 6 ane - 12 ane:** piki 625 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.
 - Plis pase 12 ane:** piki 875 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 jou.

Amoxicilline avec acide clavulanique (amoksisilin avèk asid klavilanik)

Grenn **amoxicilline avec acide clavulanique**: **amoxicilline** pa toujou gen menm dòz an rapò ak dòz acide clavulanique. Pa egzanp, yo ekri 250/125 mg (ki vle di gen **amoxicilline** 250 mg ak **acide clavulanique** 125 mg), oubyen 500/125 mg, oubyen 875/125 mg. Souvan yo ekri sèlman dòz **amoxicilline**, jan nou ekri l anba.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bay gress pou vale ansanm ak manje oubyen ak lèt.

Pou trete mòde bète

- ➔ Bay 25 - 45 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 2 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:
 - Tibebe ki pokò gen 3 mwa:** bay 75 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 - 5 jou.
 - Timoun 3 mwa - 1 ane:** bay 100 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 - 5 jou.
 - Timoun 1 - 5 ane:** bay 125 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 - 5 jou.
 - Timoun 6 - 12 ane:** bay 300 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 - 5 jou.
 - Plis pase 12 ane:** bay 600 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 3 - 5 jou.

Pénicilline nan bouch, pénicilline V, pénicilline VK (penisilin V, penisilin VK)

Si enfeksyon an pa twò grav, nou ka bay penisilin nan bouch (olye bay piki).

Menm si nou kòmanse trete yon enfeksyon ki grav ak piki, yon fwa malad la tanmen refè, nou mèt bay li nan bouch. Si, apre de twa jou, nou pokò wè li kòmanse geri, nou ka kalkile si li ta bon pou nou ba li yon lòt kalite antibiotik, epi fè l wè doktè.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Pou medikaman an ka travay pi byen nan kò a, toujou bwè li ajen, pou pi piti inèdtan anvan manje, oubyen dezèdtan apre nou fin manje.

- ➔ Bay 25 -50 mg pou chak kilo pwa yon moun, separe nan 4 dòz, pandan 10 jou. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:
 - Tibebe ki pokò gen 1 ane:** bay 62 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 10 jou.
 - Timoun 1 - 5 ane:** bay 125 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 10 jou.
 - Timoun 6 - 12 ane:** bay 125 - 250 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 10 jou.
 - Plis pase 12 ane:** bay 250 - 500 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 10 jou.

Pou enfeksyon ki grav, double dòz la.

Si blesi a ka enfekte ak tetanòs, lè nou fin bay piki **pénicilline G** (paj 65) pandan 2 jou, kòmanse bay **pénicilline V**; bay dòz ki ekri anwo a, pou 5 - 8 jou.

Pou mòde bète, bay dòz ki ekri anwo a pou 3 - 5 jou. An plis, bay **métronidazole** (paj 70) OUBYEN **clindamycine** (paj 69).

Pénicilline nan piki, pénicilline G (piki penisilin, penisilin G)

Nou dwe sèvi ak piki penisilin pou trete kèk enfeksyon ki grav, tankou tetanòs.

Genyen kèk kalite piki penisilin: genyen ki aji vit, gen lòt ki rete pi lontan nan kò yon moun, epi gen lòt ankò ki rete anpil tan ap travay nan kò yon moun.

Ki jan pou nou sèvi avè I



PÉNICILLINE PROCAÏNE, BENZYL PÉNICILLINE PROCAÏNE (penisilin pwokayin) (ki rete pi lontan ap travay nan kò moun).

Bay piki nan vyann sèlman (/M); pa bay li nan venn (/V).

- ➔ Bay 25,000 - 50,000 inite, pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou. Pa bay plis pase 4,800,000 inite. Si pa gen balans, bay selòn laj li:

Timoun 2 mwa - 3 ane: piki 150,00 inite, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 15 jou.

Timoun 4 - 7 ane: piki 300,000 inite, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 15 jou.

Timoun 8 - 12 ane: piki 600,000 inite, yon fwa nan yon jou, pandan 10 - 15 jou.

Plis pase 12 ane: piki 600,000 - 4,800,000 inite, yon fwa nan yon jou, pou 10 - 15 jou.

Pa bay tibebe li ki poko gen 2 mwa, sòf si nou pa gen ni lòt **pénicilline** ni **ampicilline**. Si se sèl medikaman nou gen sou lamen, bay 50,000 inite, yon fwa nan yon jou pou 10 - 15 jou.

Pou enfeksyon ki grav anpil, pou timoun ak grannoun, double dòz la. Pa bay plis pase 4,800,000 inite nan yon jou.

Si yon blesi ka enfekte ak tetanòs, bay dòz ki ekri anwo a, pandan 7 - 10 jou; OUBYEN bay dòz la pandan 2 jou. Apre sa, bay penisilin nan bouch (**pénicilline V**) (paj 64). Mete sou sa, bay *immunoglobine de téтанos humaine* (sewòm antitetanik) (paj 73).

Cloxacilline (kloksasilin)

Cloxacilline soti nan fanmi penisilin. Gen de lè nou ka sèvi avè I pou trete enfeksyon kote mikwòb kenbe tèt ak penisilin, tankou maleng sou po ki bay postim ak enfeksyon zo. Si pa gen **cloxacilline**, nou met sèvi ak **dicloxacilline** (paj 66).

Efè segondè



Kè plen, vomisman, dyare, lafyèv, ak doulè nan jwenti.

Atansyon

- Pa sèvi avè I pou yon moun ki fè alèji ak penisilin.
- Medikaman sa a ka fè grenn planin pèdi efikasite li. Fanm dwe sèvi ak yon lòt metòd (tankou kapòt) pandan y ap pran medikaman an.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Pou pifò enfeksyon

→ Timoun piti, bay 25 - 50 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Granmoun, bay 50 - 100 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Timoun ki pokò gen 2 ane: bay 75 mg, 4 fwa nan yon jou

Timoun 2 - 10 ane: bay 125 mg, 4 fwa nan yon jou

Plis pase 10 ane: bay 250 - 500 mg, 4 fwa nan yon jou

Pou enfeksyon ki grav, double dòz la.

Pou blesi ki fèt ak kout kouto oubyen bal, bay dòz ki ekri anwo a, pandan 10 - 14 jou. Si blesi a sal, oubyen si li blese nan vant, mete sou sa bay **métronidazole** (paj 70).

Pou zo kase ki pete po a pou I parèt deyò, bay dòz ki ekri anwo a, pandan 5 - 7 jou. Si blesi a sal anpil, mete sou sa bay **métronidazole** (paj 70).

Dicloxacilline (dikloksasilin)

Dicloxacilline soti nan fanmi **pénicilline**. Gen de fwa nou ka sèvi avè l pou trete enfeksyon ki kenbe tèt ak penisilin. Si nou pa gen **dicloxacilline**, nou mèt sèvi ak **cloxacilline** (paj 65).

Efè segondè

Kè plen, vant fè mal, bouch anmè.

Atansyon

- Pa bay **dicloxacilline** si moun nan fè alèji ak **pénicilline**. Pa sèvi avè l pou tibebe ki fèk fèt.
- Medikaman sa a ka fè gress planin pèdi efikasite li. Fanm dwe sèvi ak yon lòt metòd (tankou kapòt) pandan y ap pran medikaman an.
- Se pou malad la sispann pran medikaman an si: pipi li tounen koulè fonse, watè li gen koulè klè, oubyen li gen lajonis (po ak je li yo tounen koulè jòn).

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bay medikaman an ak tout yon vè dlo. Bay li inèdtan anvan manje oubyen dezèdtan apre li fin manje.

→ Timoun ki pokò peze 40 kg, bay 12,5 - 25 mg pou chak kilogram pwa li, nan yon jou, separe an 4 dòz. Timoun ki peze plis pase 40 mg, bay 125 - 250 mg pou chak kilogram pwa li. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki pokò gen 1 ane: bay 20 mg nan bouch, 4 fwa nan yon jou

Timoun 1 - 5 ane: bay 30 mg nan bouch, 4 fwa nan yon jou.

Timoun 6 - 12 ane: bay 80 mg nan bouch, 4 fwa nan yon jou.

Plis pase 12 ane: bay 125 - 250 mg nan bouch, 4 fwa nan yon jou.

Pou blesi ki enfekte, bay dòz ki ekri anwo a pou 5 - 7 jou. Si blesi a sal anpil, mete sou sa bay **métronidazole** (paj 70).

Pou boule ki enfekte, bay dòz ki ekri anwo a pou 5 - 7 jou. Pou gwo boule ki fon, oubyen si moun lan gen lafyèv, bay dòz la pou 10 - 14 jou.

Lòt antibiotik

Érythromycine (eritwomisin)

Nou ka sèvi ak **érythromycine** nan plas **pénicilline** pou trete anpil enfeksyon, epi moun ki fè aleji ak penisilin mèt sèvi avè l. An plis, li ka sèvi pou ranplase **tétracycline** pou trete plizyè kalite enfeksyon, epi pou trete difteri ak koklich tou.

Efè segondè

Érythromycine ka fasil bay anvi vomisman, sitou kay timoun. Pa sèvi avè l pou plis pase 15 jou, paske li ka bay lajonis.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ Bay 30 - 50 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 2 - 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki fèk fèt - 1 mwa: bay 62 mg, 3 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Timoun 1 mwa - 1 ane: bay 125 mg, 3 - 4 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Timoun 2 - 8 ane: bay 250 mg, 3 - 4 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Plis pase 8 ane: bay 250 - 500 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Pou enfeksyon ki grav, double dòz la.

Tétracycline, doxycycline (tetrasiklin, doksisiklin)

Tétracycline ak **doxycycline** se antibiotik ki ka touye anpil kalite mikwòb. Yo bay bon rezulta lè nou bay yo nan bouch. (Pa bay piki **tétracycline**, ni **doxycycline**; yo fè mal anpil.) Genyen plis mikwòb ki vin kenbe tèt ak antibiotik sa yo. Konsa nou pa kapab sèvi ak yo jan nou te konn fè l, men yo bon pou trete kèk enfeksyon toujou.

Doxycycline ak **tétracycline**, nou ka sèvi avèk ni youn ni lòt. **Doxycycline** ka pi bon paske dòz la pi piti, epi li pa bay pwoblèm menm jan ak **tétracycline**.

Efè segondè

Li ka fasil bay doulè anba kè, vant fe mal, dyare, ak enfeksyon chanpiyon.

Atansyon

- Fam ki gwo vant pa gen dwa pran medikaman sa yo. Yo ka dekolore oubyen dommaje dan ak zo tibebe ki pokò fèt la. Pou menm rezon sa a, pa bay timoun li ki pokò gen 8 ane, esepte si pa gen okenn lòt medikaman nou ka ba yo. Men yo pa gen dwa pran li pandan anpil jou. Jeneralman nou ka ranplase **tétracycline** ak **érythromycine**.
- Pa sèvi ak **tétracycline** oubyen **doxycycline** ki ekspire (ki depase dat li).
- Gen de moun k ap pran medikaman sa yo ki gen yon gratèl leve sou yo, oubyen yo fasil pou fè kout solèy. Si li posib, evite soti anba gwo solèy, oubyen pote yon gwo chapo.
- Medikaman sa a ka fè gress planin pèdi efikasite li. Fanm dwe sèvi ak yon lòt metòd (tankou kapòt) pandan y ap pran medikaman an.

Ki jan pou nou sèvi avè l

TÉTRACYCLINE

Pa bwè lèt, grenn fè, oubyen anti-asid pou dezèdtan anvan ak apre nou pran tétracycline. Yo va fè medikaman an pèdi efikasite li.

Bwè **tétracycline** ajen, ansanm ak anpil dlo, inèdtan pou pi piti anvan manje oubyen dezèdtan apre nou fin manje.

Pou pifò enfeksyon

→ Bay 25 - 50 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Timoun 8 - 12 ane: bay 125 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Plis pase 12 ane: bay 250 - 500 mg, 4 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

DOXYCYCLINE

Bay **doxycycline** 2 fwa nan yon jou (olye **tétracycline** 4 fwa nan yon jou).

Pa bwè grenn fè oubyen anti-asid pou dezèdtan anvan ak apre nou pran medikaman an; yo va fè remèd la pèdi efikasite li.

Bwè **doxycycline** ak anpil dlo. Si li bay yon moun lestomak chaje, li mèt bwè li ansanm ak manje oubyen lèt.

Pou pifò enfeksyon

→ Bay 2 mg pou chak kilogram pwa yon moun nan yon dòz, men pa plis pase 100 mg nan yon dòz, oubyen 200 mg nan yon jou. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Timoun 8 - 12 ane: bay 50 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Plis pase 12 ane: bay 100 mg, 2 fwa nan yon jou, pandan 7 - 10 jou.

Pou mode bêt, bay dòz ki ekri anwo a pou 3 - 5 jou. An plis, bay **métronidazole** (paj 70) oubyen **clindamycine** (paj 69).

Cotrimoxazole, sulfaméthoxazole avec triméthoprime, TMP-SMX (kotrimoksazol, silfametoksazol ak trimetoprim)

Cotrimoxazole se yon konbinezon 2 medikaman, li bon mache, epi li ka kraze anpil kalite mikwòb. Li bon anpil pou moun ki gen VIH/SIDA, paske li kapab anpeche anpil enfeksyon kay moun sa yo. Al gade nan VIH/SIDA (chapit la poko ekri).

Atansyon

Pa bay tibebe li ki poko rive nan laj 6 senmenn. Fanm ki gwo vant pa gen dwa pran li pandan dènye 3 mwa gwo sès yo. Genyen anpil chans pou yon moun fè alèji ak medikaman an. Lè konsa, li bay lafyèv, souf wo, ak gratèl. Si nou wè li gen gratèl, oubyen si nou kwè l ap fè alèji ak remèd sa a, sispann ba li medikaman an.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Genyen de kalite kombinezon yo fè avèk *sulfaméthoxazole* e *triméthoprime*. Youn gen *sulfaméthoxazole* 200 mg ak *triméthoprime* 40 mg. Yo ekri li konsa 200/40. Genyen lòt, tankou 400/80 osinon 800/160. Gen de fwa yo ekri dòz *triméthoprime* sèl (dezyèm nimewo a).

Pou pifò enfeksyon

- ➔ **Tibebe 6 senmenn - 5 mwa:** bay *sulfaméthoxazole* 100 mg + *triméthoprime* 20 mg 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou.
- Timoun 6 mwa - 5 ane:** bay *sulfaméthoxazole* 200 mg + *triméthoprime* 40 mg 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou.
- Timoun 6 - 12 ane:** bay *sulfaméthoxazole* 400 mg + *triméthoprime* 80 mg 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou.
- Plis pase 12 ane:** bay *sulfaméthoxazole* 800 mg + *triméthoprime* 160 mg 2 fwa nan yon jou, pandan 5 jou.

Pou mode bét, bay dòz ki ekri anwo a pou 3 - 5 jou. An plis, bay *métronidazole* (paj 70) oubyen *clindamycine*.

Clindamycine (klendamisin)

Clindamycine se yon lòt antibiotik ki sèvi pou kraze anpil kalite mikwòb. Li bon anpil pou trete enfeksyon kote mikwòb yo kenbe tèt ak penisilin, tankou enfeksyon sou po ak absè.

Atansyon

Si yon moun k ap pran *clindamycine* kòmanse watè dlo oubyen san, se pou li sispann pran li touswit. Yon dyare konsa fè nou konnen antibiotik la te ka ba li yon enfeksyon ki grav. Tinouris pa gen dwa pran medikaman sa a paske li konn pase nan lèt manman an pou l bay tibebe a pwoblèm.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bay *clindamycine* nan bouch.

- ➔ **Timoun ki pokon 3 ane:** bay 37,5 - 75 mg, 3 fwa nan yon jou.
- Timoun 3 - 7 ane:** bay 75 - 150 mg, 3 fwa nan yon jou.
- Timoun 8 - 12 ane:** bay 150 - 300 mg, 3 fwa nan yon jou.
- Plis pase 12 ane:** bay 150 - 450 mg, 3 fwa nan yon jou.

Pou mode bét, bay dòz ki ekri anwo a pou 3 - 5 jou. An plis, bay yon lòt medikaman tankou *doxycycline* (paj 67) OUBYEN *cotrimoxazole* (paj 68) OUBYEN pénicilline V (paj 64).

Pou blesi ki enfekte, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou.

Pou boule ki enfekte, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. Pou boule ki fon, oubyen si malad la gen lafyèv, bay dòz ki ekri anwo a pandan 10 - 14 jou.

Pou zo kase ki pete po a pou li parèt deyò, bay dòz ki ekri anwo a pou 5 - 7 jou. An plis, bay *ciprofloxacine* (paj 70).

Pou blesi ki fèt ak kout kouto oubyen bal fizi, bay dòz ki ekri anwo a pandan 10 - 14 jou.

Métronidazole (metwonidazòl)

Métronidazole bon pou konbat kék mikwòb ak enfeksyon. Nou ka sèvi ak li menm sèl, oubyen ansanm ak lòt antibiotik.

Efè segondè

Li ka fasil bay anvi vomi, vant fè mal, ak dyare. Pou soulaje pwoblèm sa yo, bwè li ansanm ak manje. Gen de lè, li bay maltèt oubyen yon gou metalik nan bouch.

Atansyon

Yon fanm ansent pa gen dwa pran **métronidazole** pandan premye 3 mwa gwosès la, paske li ka donmaje tibebe ki poko fèt la. Li ta pi bon pou li pa pran medikaman sa a ditou pandan tout gwosès la ak lè l ap bay tête. Men si enfeksyon an mande trete, epi pa gen lòt medikaman, li mèt sèvi avè l. Pa bwè alkòl pandan n ap bwè medikaman sa a, epi pou 2 jou apre nou sispann bwè l, paske li ka bay gwo anvi vomi. Moun ki genyen maladi fwa pa dwe sèvi ak **métronidazole**.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- Bay 30 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki poko gen 1 ane: bay 37 mg, 4 fwa nan yon jou.

Timoun 1 - 5 ane: bay 75 mg, 4 fwa nan yon jou.

Timoun 6 - 12 ane: bay 150 mg, 4 fwa nan yon jou.

Plis pase 12 ane: bay 500 mg pandan 3 - 4 fwa nan yon jou. Pa bay plis pase 4 gm (4000 mg) pandan 24 èdtan.

Pou blesi ki enfekte, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. An plis, bay **dicloxacilline** (paj 66) OUBYEN **céfalexine** (paj 72).

Pou blesi ki ka fasil enfekte ak tetanòs, bay dòz ki ekri anwo a pandan 7 - 10 jou. An plis, bay **immunoglobine de téтанос humaine** (sewòm antitetanik) (paj 73).

Pou mode bète, bay dòz ki ekri anwo a pou 3 - 5 jou. An plis, bay yon lòt medikaman tankou **doxycycline** (paj 67) OUBYEN **cotrimoxazole** (paj 68) OUBYEN **pénicilline V** (paj 64).

Pou zo kase ki pete po a pou l parèt deyò, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. An plis, bay **céftriazone** (paj 72) OUBYEN **céfalexine** (paj 72) OUBYEN **cloxacilline** (paj 65).

Ciprofloxacin (sipwofloksasin)

Ciprofloxacin se yon antibiotik ki aji sou anpil kalite mikwòb. Li soti nan fanmi *quinolone* (kinolòn). Li bon pou trete anpil kalite enfeksyon po, zo, trip, ak aparèy pipi (blad pipi). Men plizyè kote nan lemonn gen de mikwòb ki vin kenbe tèt ak medikaman sa a, epi pwoblèm lan ap vin pi rèd toujou. Se poutèt sa, sèvi avè l sèlman kote nou konnen li aji sou enfeksyon nan zòn pa nou an. Li pa bon pou timoun.

Efè segondè

Anvi vomi, dyare, vomisman, maltèt, tèt vire, gratèl, oubyen enfeksyon chanpiyon.

Atansyon

- Fanm ki gwo vant ak fanm k ap bay tete pa dwe pran li. Pa bwè li ansanm ak lèt oubyen pwodwi ki gen lèt, tankou yawout.
- Sa pa fasil rive, men **ciprofloxacine** konn domaje fil vyann yo. Sòf nan kèk ka byen espesyal, timoun ki poko rive nan laj 16 ane pa dwe pran li, paske fil vyann yo poko fin devlope. Si yon moun vin gen jarèt li fè mal pandan trètman an, se pou li sispann bwè l touswit.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Pou pifò enfeksyon

→ Bay 250 - 750 mg, 2 fwa nan yon jou jis 24 èdtan apre nou pa wè siy enfeksyon ankò.

Pou enfeksyon san, bay dòz ki ekri anwo a jis 2 - 3 jou apre nou pa wè siy enfeksyon ankò. An plis, bay **clindamycine** (paj 69).

Pou zo kase ki pete po a pou I parèt deyò, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. An plis, bay **clindamycine** (paj 69).

Pou boule ki enfekte, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. Si boule a fon, osinon si malad la gen lafyèv, bay dòz la pandan 10 - 14 jou.

Céftriaxone (seftriyaksòn)

Céftriaxone se yon antibiotik ki fò, ki soti nan fammi **céphalosporine** (sefalosporin).

Céphalosporine yo se antibiotik ki ka kraze anpil kalite mikwòb. Yo konn koute chè, epi nou ka mal pou jwenn yo. Men, yo pa bay anpil pwoblèm (efè segondè), epi yo pa fasil gen danje. Yo bon pou trete kèk kalite enfeksyon ki grav.

Sèvi ak **céftriaxone** pou trete enfeksyon ki grav, tankou enfeksyon san, menenjit, ak enfeksyon kote **pénicilline** pa p aji plis sou yo. Sèvi avè l sèlman pou trete enfeksyon kote nou konnen li bay bon rezulta nan zòn pa nou an.

Céftriaxone bon anpil pou trete blenoraji, epi enfeksyon blenoraji nan je tibebe ki fèk fèt. Si se pa sa, pa bay tibebe li ki poko gen 8 jou, epi nou dwe evite bay tibebe li ki poko gen 1 mwa.

Atansyon

Si yon moun fè alèji ak lòt antibiotik ki soti nan fammi **céphalosporine**, pa ba li medikaman sa a. Pa bay tibebe li ki poko gen 8 jou. Pa sèvi avè l si li gen lajonis.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Nou pa ka bay li nan bouch. Lè nou bay piki, fè zegwi a antre fon nan vyann nan. Piki sa a ka fè mal. Melanje l ak **lidocaïne** 1% (lidokayin) (paj 85) si nou konnen ki jan pou fè sa.

→ Bay piki 50 - 100 mg pou chak kilogram pwa moun, nan yon jou, separe an 2 dòz. Si pa genyen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe 1 - 3 mwa: bay piki 150 mg, 2 fwa nan yon jou.

Timoun 3 mwa - 1 ane: bay piki 250 mg, 2 fwa nan yon jou.

Timoun 2 - 4 ane: bay piki 400 mg, 2 fwa nan yon jou.

Timoun 5 - 12 ane: bay piki 625 mg, 2 fwa nan yon jou.

Plis pase 12 ane: bay piki 1 - 2 gram, 1 fwa nan yon jou. Pa bay plis pase 4 gram pandan 24 èdtan.

Pou zo kase ki Pete po a pou li parèt deyò, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. Si blesi a sal, mete sou sa, bay *métronidazole* (paj 70).

Pou enfeksyon san, bay dòz ki ekri anwo a jis 2 - 3 jou apre nou pa wè siy enfeksyon ankò. Si blesi a sal, oubyen si nou pa wè yon kòmansman gerizon lè nou fin bay céftriaxone pandan 24 èdtan, bay *métronidazole* an plis (paj 70).

Céphalexine (sefaleksin)

Céphalexine soti nan fanmi *céphalosporine* (sefalosporin). *Céphalosporine* yo se antibiotik ki ka kraze anpil kalite mikwòb. Yo konn koute chè epi nou ka mal pou jwenn yo. Men, yo pa bay anpil pwoblèm (efè segondè), epi yo pa fasil gen danje. Yo bon pou trete kèk kalite enfeksyon ki grav.

Efè segondè



Dyare—li watè dlo osinon san, lafyèv, gòj fè mal, maltèt, gratèl wouj sou po ki fè glòb oubyen ki dekale, pipi gen koulè fonse. Li bwouye oubyen li fèb.

Atansyon

Si yon moun fè alèji ak lòt antibiotik ki soti nan fanmi *céphalosporine*, pa ba li medikaman sa a.

Ki jan pou nou sèvi avè l



→ Bay 50 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan yon jou, separe an 4 dòz. Pa bay plis pase 4000 mg pandan 24 èdtan. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe ki pokò gen 6 mwa: bay 100 mg, 4 fwa nan yon jou.

Timoun 6 mwa - 2 ane: bay 125 mg, 4 fwa nan yon jou.

Timoun 3- 5 ane: bay 250 mg, 4 fwa nan yon jou.

Timoun 6 - 12 ane: bay 375 mg, 4 fwa nan yon jou.

Plis pase 12 ane: bay 500 gm. 4 fwa nan yon jou.

Pou blesi ki enfekte, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. Si blesi a sal anpil, mete sou sa bay *métronidazole* (paj 70).

Pou boule ki enfekte, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. Pou boule ki fon, oubyen si malad la gen lafyèv, bay dòz la pandan 10 - 14 jou.

Pou zo kase ki Pete po a pou li parèt deyò, bay dòz ki ekri anwo a pandan 5 - 7 jou. Si blesi a sal anpil, mete sou sa bay *métronidazole* (paj 70).

Pou blesi ki fèt ak kout kouto oubyen bal, bay dòz ki ekri anwo a pandan 10 - 14 jou. Si blesi a sal, oubyen li blese nan vant, mete sou sa bay *métronidazole* (paj 70).

Gentamicine (jentamisin)

Gentamicine se yon antibiotik ki fò anpil. Li soti nan fanmi *aminoglycoside* (aminoglikosid). Sèl fason pou bay li se nan piki nan vyann oubyen nan venn. Medikaman sa a ka donmaje ren epi fè yon moun vin soud. Poutèt sa a, sèvi avè l sèlman nan ka ijan.

Atansyon

Lè nou bay piki **gentamicine**, fòk nou bay dòz medikaman ki egzak, san wete san mete. Si nou bay twòp, li ka dommaje ren yo; an plis, li ka fè yon moun vin soud pou rès lavi li. Nou dwe bay li selon pwa yon moun. Pa bay li pou plis pase 10 jou.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Bay piki nan vyann (/M) oubyen nan venn (/V).

Pou enfeksyon san

➔ **Timoun 6 mwa - 12 ane:** piki 2.5 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, 3 fwa nan yon jou.

Plis pase 12 ane: piki 1 - 1.7 mg pou chak kilogram pwa yon moun, 3 fwa nan yon jou.

Medikaman ki pou anpeche moun trape tetanòs

Immunoglobine de téтанos (humaine) (iminoglobilin tetanòs imèn, sewòm antitetanik)

Si yon moun pa t pran tout vaksen kont tetanòs (li pa t pran yon seri 3 vaksen ak yon rapèl chak 10 ane), epi si li gen yon blesi ki ka enfekte ak tetanòs (paj 21), se pou nou ba li sewòm antitetanik pi vit ke nou kapab, anvan yon moun tonbe malad ak tetanòs. Si nou pral ba li sewòm antitetanik ak vaksen kont tetanòs an menm tan (al gade nan chapit Vaksen pwoteje nou kont maladi), sèvi avèk yon nouvo sereng pou chak piki. Pa bay piki sa yo menm kote nan kò li.

Depi yon moun pran sewòm antitetanik, pa ba li yon vaksen ki fèt ak viris ki vivan (tankou vaksen kont polyo, varisèl, ak lawoujòl) pandan 3 mwa, paske sa ka fè vaksen an pa p pran jan li dwe a.

Efè segondè

Kote I pran piki a ka sansib epi li ka fè mal.

Atansyon

Gen de moun ki fè gwo reyakson alèji ak sewòm antitetanik. Se pou nou toujou gen **adrenaline** (**épinéphrine**) disponib pou trete yon reyakson alèji (paj 77).

Ki jan pou nou sèvi avè l

Lè nou bay piki, fonse zegwi a byen fon nan vyann nan.

Si 24 èdtan pokò pase depi li blese,

➔ Bay piki 250 initie yon sèl fwa.

Si se plis pase 24 èdtan depi li blese, oubyen si blesi a ka byen enfekte ak tetanòs,

➔ Bay piki 500 initie you sèl fwa.

An plis, bay yon antibiotik tankou **métronidazole** (paj 70) OUBYEN **pénicilline G** (paj 65).

Medikaman ki pou trete mòde bêt

Lave mòde bêt yo byen lave ak dlo e savon. Bay antibiotik, paske mòde bêt yo byen fasil pou yo enfekte.

Pou mòde bêt, pi bon antibiotik se *amoxicilline avec acide clavulanique* (paj 64).

Si nou pa gen *amoxicilline avec acide clavulanique*, bay youn nan antibiotik ki ekri anba:
Doxycycline (paj 67) OUBYEN
Cotrimoxazole (paj 68) OUBYEN
Pénicilline v (paj 64)

AN PLIS, bay youn nan sa yo:

Métronidazole (paj 70) OUBYEN
Clindamycine (paj 69)

Si se yon chen ki te mòde li, mete sou sa, bay vaksen kont laraj ak sewòm pou kraze laraj la (al gade anba).

Vaccin contre la rage e immunoglobuline de rage (vaksen kont laraj; iminoglobilin laraj, sewòm ki pou kraze laraj)

Kote nou jwenn bêt ki soufri ak laraj, si yon bêt mòde oubyen grata po yon moun jis li pèse po a, fòk nou lave blesi a byen lave ak dlo e savon, pandan 15 minit pou pi piti. Ba li yon seri vaksen kont laraj; mete sou sa, si li kouri gwo chans pou li trape laraj, bay sewòm ki pou kraze laraj.

Ki jan pou nou sèvi ak vaksen kont laraj

Bay tout yon flakon vaksen (swa 0,5 mg oubyen 1 ml, selon esplikasyon fabrikan an). Bay piki a nan vyann nan anwo ponyèt la nan jou bêt la mòde moun nan, epi bay yon lòt dòz nan 3èm jou, epi nan 7èm jou a. Bay 4èm dòz la ant 15 jou a 29 jou aprè bêt la te mòde l. Pou timoun ki gen 2 ane oubyen ki pokò rive nan laj 2 ane, bay piki yo nan kwis (pa bay vaksen nan fès).

Lè nou bay sewòm ki pou kraze laraj, bay vaksen kont laraj tou, men sèvi ak yon lòt sereng ki byen pwòp, epi bay piki a nan yon lòt pozisyon nan kò a.

Lè nou sèvi ak sewòm kont laraj

Genyen 2 kalite sewòm ki pou kraze laraj. Youn fèt ak sewòm moun, *immunoglobuline de rage humaine* (IGRH) (iminoglobilin raj imèn). Lòt la fèt ak sewòm cheval, *immunoglobuline de rage chevaline* (IGRC) (iminoglobilin raj chevalin). IGRH pi bon pase IGRC.

Atansyon

Gen de moun ki fè alèji ki grav ak sewòm pou kraze laraj. Fòk nou toujou gen *adrenaline* (*épinéphrine*) disponib, pou konbat yon reyakson alèji (paj 77).

Ki jan pou nou sèvi avè l

Fè piki sewòm nan anndan blesi a menm, ak sou tout rebò li. Blesi a dwe pwòp. Si genyen plizyè blesi, epi si nou pa gen ase sewòm pou pike yo tout, dekoupe sewòm nan ren pou ren ak salin (dlo sale) ki pou fè piki. Konsa, n ap bay moun nan dòz ki kòrèk la, epi chak blesi ap jwenn yon ti kras sewòm.

Lè nou bay sewòm ki fèt ak sewòm moun (IGRH)

► Pou chak kilogram pwa yon moun, bay piki 20 inite yon sèl dòz.

Lè nou bay sewòm ki fèt ak sewòm cheval (IGRC)

► Pou chak kilogram pwa yon moun, bay piki 40 inite, yon sèl dòz.

Medikaman ki pou trete boule

Boule ka fè mal anpil. Bay moun nan remèd fò pou kalme doulè a, tankou *codéïne* (paj 84) OUBYEN *morphine* (paj 85), sitou anvan nou lave boule yo oubyen chanje pansman yo.

Boule yo byen fasil pou yo enfekte. Si nou wè yo kòmanse enfekte, bay yon antibyotik tankou *dicloxacilline* (paj 66), OUBYEN *clindamycine* (paj 69), OUBYEN *céfalexine* (paj 72), OUBYEN *ciprofloxacine* (paj 70).

Pandan boule yo ap geri, bay moun nan yon anti-istaminik tankou *chlorphéniramine* OUBYEN *diphenhydramine* (paj 76) pou kalme gratèl la.

Si yon moun pa t pran tout vaksen kont tetanòs, bay vaksen kont tetanòs (al gade nan chapit Vaksen pwoteje nou kont maladi).

Si yon moun te nan mitan yon dife, epi li te respire anpil lafimen, *salbutamol* ka pèmèt li respire pi alèz (paj 78).

Medikaman ki pou trete alèji oubyen demanjezon: *Antihistaminques (anti-istaminik)*

Yon reyakson alèji ka bay yon moun demanjezon, gratèl, epi fè li estènen. Nòmalman, nou ka trete yo ak yon anti-istaminik. Yo tout ka sèvi. Konsa, si nou pa gen *chlorphéniramine* oubyen *diphenhydramine*, nou mèt sèvi ak yon lòt anti-istamink. Chak medikaman gen dòz pou nou bay la; veye pou nou bay dòz medikaman ki bon an. Tout anti-istaminik bay moun anvi dòmi, men gen kék ki pi fò pase lòt.

Medikaman sa yo pa p ka trete yon grip òdinè.

Fann ki gwo vant dwe evite pran anti-istaminik yo. Si yo oblige pran youn, chwazi youn ki sèvi depi yon bon ti tan, tankou *chlorphéniramine* osinon *diphenhydramine*, epi bwè li ak anpil dlo.

Pou trete yon reyakson alèji ki grav, ki bay yon moun pwoblèm pou li pran souf, fòk nou ba li *adrenaline (épinéphrine)*, mete sou sa, bay yon anti-istaminik (paj 77).

Chlorphéniramine, Chlorphénamine (klòfeniramin, klòfenamin)

Chlorphéniramine se yon anti-istaminik ki sèvi pou trete pwoblèm alèji ka bay la, tankou demanjezon, estènen, gratèl. Li bon pou trete pike ti bèt ak zèl, alèji ak manje oubyen medikaman ki pa twò grav. Li bon tou pou trete lafyèv sezon (nen k ap koule larim ak je k ap grate; ti poud jòn flè yo ka bay sa).

Efè segondè



Dòmi nan je (lòt anti-istaminik ka bay pi gwo pwoblèm).

Atansyon ▲

Fanm ki gwo vant pa dwe sèvi avè l, sòf si nou wè li vrèman nesesè. Moun ki fè kriz opresyon pa gen dwa pran li pandan kriz la sou yo.

Ki jan pou nou sèvi avè l



- **Timoun 1 - 2 ane:** bay 1 mg, 2 fwa nan yon jou jis li fè mye.
- Timoun 3 - 5 ane:** bay 1 mg, nan espas 4 - 6 èdtan jis li fè mye.
- Timoun 6 - 12 ane:** bay 2 mg, nan espas 4 - 6 èdtan jis li fè mye.
- Plis pase 12 ane:** bay 4 mg, nan espas 4 - 6 èdtan jis li fè mye.

Pou trete yon reyakson alèji ki grav

Premyèman, bay piki *adrénaline* (paj 77). Apre sa, bay *chlorphéniramine* nan bouch, selon dòz ki ekri anwo a. Sa ap anpeche alèji a touen sou yon moun lè efè adrénaline yo ap pase.

Diphenhydramine (difenidramin)

Diphenhydramine se yon anti-istaminik ki sèvi pou trete pwoblèm alèji ka bay la, tankou demanjezon, estènen, gratèl. Li bon pou trete pike ti bèt ak zèl, alèji ak manje oubyen medikaman ki pa twò grav. Li bon tou pou trete lafyèv sezon (nen k ap koule larim ak je k ap grate; ti poud jòn flè ka bay sa.)

Efè segondè



Dòmi nan je.

Atansyon ▲

- *Diphenhydramine* ka bay yon moun tèt vire ak dòmi nan je, epi fè li wè twoub. Moun pa gen dwa kondwi machin pandan y ap pran medikaman sa a. Si yon moun bwè alkòl pandan l ap pran *diphenhydramine*, sa ka ogmante anvi dòmi li.
- Tibebe ki fèk fèt ak fanm k ap bay tete pa gen dwa pran li. Li ta bon pou fanm ki gwo vant pa pran li nonplis, sòf si nou wè li nesesè.
- Moun ki fè kriz opresyon pa gen dwa pran li pandan kriz la sou yo.

Ki jan pou nou sèvi avè I



Se menm dòz pou nou bay nan bouch, oubyen nan piki nan vyann.

→ **Timoun 2 - 5 ane:** bay 6 mg nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 37 mg nan yon jou.

Timoun 6 - 11 ane: bay 12 - 25 mg nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 150 mg nan yon jou.

Plis pase 12 ane: bay 25 - 50 mg nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 400 mg nan yon jou.

Pou trete reyakson alèji ki grav

Premyeman, bay piki **adrénaline**. Apre sa, bay **diphenhydramine** selon dòz ki ekri anba a. Sa ap anpeche alèji a tounen sou yon moun lè efè **adrénaline** yo ap pase.

→ **2 Timoun 2 - 11 ane:** Pou chak kilogram pwa yon timoun, bay 1 - 2 mg nan espas 6 èdtan. Si pa gen balans, bay dòz ki ekri anwo a, epi bay dòz ki pi gran an. Pa bay plis pase 50 mg an menm tan, ni plis pase 300 mg nan yon jou.

Plis pase 12 ane: bay 25 - 50 mg nan espas 2 - 4 èdtan. Pa bay plis pase 100 mg pandan 4 èdtan, oubyen 400 mg nan yon jou.

Adrénaline, épinephrine (adrenalin, epinefrin)

Nou sèvi ak **adrénaline** lè yon moun fè yon reyakson alèji ki grav (chòk alèji) ak yon medikaman, ak yon manje, ak yon pike ti bèt ak zèl, oubyen ak lòt bagay ki ka bay gwo reyakson alèji. Li trete pwoblem souf wo, opresyon, gwo demanjezon, ak glòb ki leve sou po.

Efè segondè



Li pè, li ajite, li enève, li sou tansyon, kè li bat vit, li ka gen maltèt ak tèt vire.

Atansyon **⚠**

Nou jwenn **adrénaline** pi souvan nan flakon ki gen 1 mg nan 1 mililit dlo. Nou jwenn li tou nan sereng ki tou pare. Men se pa toujou menm valè **adrénaline** ki nan yon sereng. Fè atansyon pou nou swiv sa ki ekri sou sereng nan, pou nou bay dòz ki egzak la.

Ki jan pou nou sèvi avè I



Pou trete reyakson alèji ki grav

→ Bay piki nan vyann nan mitan sou deyò kwis la.

Timoun 1 - 6 ane: bay piki $\frac{1}{4}$ mg (0,25 mg, ka nan yon miligram).

Timoun 7 - 12 ane: bay piki $\frac{1}{3}$ mg (0,33 mg, twazèm nan yon miligram).

Plis pase 12 ane: bay piki $\frac{1}{2}$ mg (0,5 mg, mwatye nan yon miligram).

Si nou wè li nesesè, bay yon 2èm dòz nan yon demi èdtan, epi yon 3èm dòz nan yon lòt demi èdtan. Pa bay plis pase 3 dòz.

Lè nou fin bay piki **adrénaline**, bay yon anti-istaminik tankou **chlorphéniramine** (paj 76) oubyen **diphenhydramine** (paj 76). Sa ap anpeche alèji a tounen lè efè **adrénaline** yo ap pase.

Salbutamol, albuterol (salbitamòl, albitewòl)

Salbutamol louvri kannal ki mennen lè nan poumon yo, pou yon moun ka pran souf pi alèz. Li bon pou trete yon moun ki soufri ak opresyon oubyen ki te respire anpil lafimen dife; toulede ka ba li souf kout oubyen yon ral lè l ap pran souf.

Efè segondè

Li tranble, li enève, li gen tèt vire, kè li bat vit, tèt li ka fè mal.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ Bay 2 boufe medikaman (200 mcg - mikwogram) nan espas 4 - 6 èdtan si li bezwen li. Li pi efikas si yon moun sèvi ak yon espasè.

Nou mèt bay yon moun plis pase dòz ki ekri anwo a, si li santi nesesite pou sa.

Medikaman ki pou trete kriz kè (atak kè, kriz kadyak)

Si yon moun fè yon kriz kè, ba li aspirin touswit (paj 83). Pandan nou nan wout pou al lopital, bay *nitroglycérine* si nou genyen li.

Nou mèt ba li *morphine* (paj 85) pou soulaje doulè ak laperèz li. Sa ap bay kè a yon souf, pou aleje travay li.

Nitroglycérine (glyceryl trinitrate) (Nitwogliserin)

Nitroglycérine bon pou trete doulè nan kòf lestomak (anjin pwatrin) kriz kè konn bay la. Li louvri ti venn ki fè san an sikile nan vyann kè a. Konsa kè a jwenn plis fòs pou ponpe san an nan tout kò a.

Atansyon

Pa bay yon moun *nitroglycérine* si li gen tansyon ba, oubyen si li te bwè *sildénafil (viagra)* (sildenafil, vyagra) pandan 24 èdtan jis anvan kriz la pran li. Konbinezon medikaman sa yo ka desann tansyon an twòp. Se gwo danje; li ka menm pote yon moun ale.

Efè segondè

Li ka bay gwo maltèt, fè l santi cho, oubyen fè l santi tèt li ap vire.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Fè moun nan chita oubyen kouche, paske medikaman an ka ba li tèt vire. Li pa gen dwa rete debou.

- ➔ Bay ½ mg (0,5 mg) anba lang, pou li fonn la. Tann 5 minit anvan nou bay yon lòt dòz. Pa bay plis pase 3 dòz nan 15 minit. Men si doulè a pase, li pa bezwen pran 3 dòz. Pa kraze gressnan nan bouch, epi pa vale l. Lè l ap fonn, li ka pike oubyen boulè yon ti kras anba lang lan.

Medikaman ki pou trete anpwazonnman

Charbon actif (poud chabon)

Poud chabon bon pou trete kèk ka anpwazonnman, tankou lè yon moun bwè kèk pwazon ki pou touye ti bèt, epi ki pou touye plant. Lè chabon an desann nan lestimak yon moun, l ap bwè pwazon an, ki fè pwazon an pa p kapab pase nan kò a. Poutèt sa, depi yon moun bwè pwazon, bay poud chabon pi vit ke nou kapab. Pa gen danje nan sa. Konsa nou mèt bay li menm si nou pa sèten ke moun nan te bwè pwazon an.

Si nou pa gen poud chabon, nou mèt sèvi ak chabon bwa, oubyen menm ak pen griye. Pile l pou fè l tounen poud. Mete yon gwo kiyè poud chabon nan yon vè dlo tyèd. Chabon aktif pi bon, men chabon bwa ap mache tou.

Pa janm sèvi ak brikèt chabon, chabon etranje—se pwazon yo ye!

Poud chabon **pa p** bon si yon moun te pran:

- **Pwodwi ki wonje anndan yon moun** - amonyak (*ammoniaque*), pil, asid, pwodwi ki pou debouche twou rego, soud kostik (*soude caustique*), lesiv (*lessive*)
- **Idwokabi (*hydrocarbure*)** - tankou gazolin, gaz lanp, terebantin (*térébenthine*), tinè (*diluant à peinture*), fenòl (*phénol*); pwodwi ki sèvi pou fabrike plastik ak anpil lòt bagay); asid kabolik (*acide carbolique*), kanf (*camphre*), lwil pen (*huile de pin*)
- **Syani (*cyanure*)** - Yo sèvi avè l nan min, nan faktori, tannen kui (po bèt), e nan pwazon rat
- **Étanol (*éthanol*)** - yon kalite alkòl
- **Medikaman fè (fer)** - gress fè, miltivitamin, vitamin pou fanm ki gwo vant
- **Lityòm (*lithium*)** - yon medikaman ki pou trete yon kalite maladi mantal
- **Metanòl (*méthanol*)** - nou jwenenn li nan vèni, tinè, ak pwodwi pou mete nan gazolin
- **Asid mineral - acide minéral**
- **Desolvan òganik** (ki sèvi pou fonn oubyen pou dekoupe) - yo mete yo nan tinè, solisyon pou fonn lakòl, solisyon pou wete vèni pou zong, solisyon pou wete tach

Efè segondè



Watè moun ka tounen koulè nwa, li vomi, li sere, oubyen li ka gen dyare.

Ki jan pou nou sèvi avè l

→ Lè yon moun bwè pwazon (oubyen lè gen possiblite li te bwè pwazon), bay poud chabon pi vit ke nou kapab. Bay li avèk tout yon vè dlo. Nou mèt bay yon lòt dòz nan 4 èdtan.

Tibebe ki pokò gen 1 ane: bay 10 - 25 gram

Timoun 1 - 12 ane: bay 25 - 50 gram

Plis pase 12 ane: bay 50 gram.

Atropine (atwopin)

Atropine sèvi pou trete anpwazonnman ak kék kalite pwazon ki pou touye ti bèt e ti bèt ak zèl, epitou pou trete anpwazonnman ak kék gaz ki pwazon (*gaz neurotoxiques*) moun pa ka wè yo ni santi yo. Li sa ki ekri sou bwat pwazon an; sèl kote pou nou bay atropine se si li di pou nou bay **atropine**, oubyen si yo ekri ke pwazon a se yon «*inhibiteur cholinestérase*» (inibitè kolinesteraz). Dòz **atropine** depann de kalite pwazon yon moun te bwè. An jeneral, anpwazonnman ak yon òganofosfat (*organophosphate*) mande plis medikaman pase anpwazonnman ak yon kabamat (*carbamate*).



Efè segondè

Dòmi nan je, maltèt, tèt li fè laviwon, tèt li gaye, li sere.

Atansyon

Lè nou fin bay yon moun **atropine**, mete li kote l fè fre, pou kò li pa chofe twòp.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ Bay piki nan vyann.

Timoun ki pokò gen 2 ane: bay piki 0,05 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, nan espas 5 - 10 minit.

Timoun 2 - 10 ane: bay piki 1 mg nan espas 5 - 10 minit.

Plis pase 10 ane: bay piki 2 mg nan espas 5 - 10 minit.

Depi nou wè po li tounen koulè wouj, li sèch, epi nou wè nwa je li vin gwo, sispann bay piki. Si anpwazonnman an grav anpil, double dòz ki ekri anwo a.

Déféroxamine (defewoksamin)

Déféroxamine sèvi pou trete anpwazonnman ak fer (fè); li wete fè ki nan san an.



Efè segondè

Li wè twoub; tèt li gaye.

Atansyon

Pa sèvi avè l si yon moun gen maladi ren, oubyen si li pa ka fè pipi. Pa bay timoun li ki pokò gen 3 ane.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ Bay piki dousman nan vyann. Bay 50 mg pou chak kilogram pwa yon moun, chak 6 èdtan. Pa bay plis pase 6 gram nan yon jou. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Timoun ki pokò gen 5 ane: bay piki dousman, 500 mg, chak 6 èdtan, pandan 24 èdtan (4 fwa).

Timoun 5 - 12 ane: bay piki dousman, 1000 mg, chak 6 èdtan tan, pandan 24 èdtan (4 fwa).

Plis pase 12 ane: bay piki dousman, chak 6 èdtan pandan 24 èdtan: 2000 mg (2 fwa), apre sa, 1000 mg (2 fwa).

Acétylcystéine (asetilsisteyin)

Lè yon moun pran twòp *paracétamol* (*acétominophène*), ba li *acétylcystéine* pi vit ke nou kapab. Pou granmoun, yon dòz *paracétamol* ki twò gwo se yon dòz ki plis pase 7000 mg; pou timoun, se 140 mg pou chak kilogram pwa li.

Acétylcystéine santi fò; melanje l nan ji fwi pou yon moun ka tolere l pi byen.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Lè yon moun pran twòp *paracétamol*

- Premye dòz *acétylcystéine* se 140 mg nan bouch pou chak kilogram pwa yon moun. Tann 4 èdtan; lè sa a, bay mwatye dòz la (70 mg nan bouch pou chak kilogram pwa li). Kontinye sou menm lanse a: 70 mg/kg chak 4 èdtan 16 fwa an plis, Sa fè 18 dòz antou pandan 3 jou (72 èdtan). Si li vomi, epi poko gen inèdtan ki pase depi li pran medikaman an, bay menm dòz la yon lòt fwa.

Naloxone (naloksòn)

Nou sèvi ak *naloxone* pou trete yon moun ki te pran twòp nakotik (medikaman ki pou kalme gwo doulè) tankou *morpheine* (mòfin), *héroïne* (ewoyin), *fentanyl* (fantanil) *méthadone* (metadòn), *opium* (opyòm), *oxycodone* (oksikodòn), *codeïne* (kodeyin), ak lòt medikaman ki pou kalme gwo doulè. Bay yon moun *naloxone* jis li kapab respire byen pou kont li. Medikaman an ka pèdi fòs li. Lè 20 minit fin pase, epi li tounen gen pwoblèm ankò pou li pran souf, bay menm dòz la yon lòt fwa.

Efè segondè

Kè plen, vomisman; li swe, li pa alèz menm.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- **Timoun ki poko gen 5 ane, oubyen ki poko peze 20 kg:** bay piki nan vyann, 0.1 mg pou chak kilogram pwa li, nan espas 2 - 3 minit, si nou wè li nesesé. Pa bay plis pase 2 mg antou.
- **Moun ki gen plis pase 5 ane oubyen ki peze plis pase 20 kg:** bay piki nan vyann, $\frac{1}{2}$ (0,5 mg) - 2 mg. Si nou wè li nesesé, ba li menm dòz la nan espas 2 - 3 minit, men pa bay plis pase 10 mg antou.

Nitrite de sodium (nitrit sodyòm)

Nitrite de sodium sèvi pou trete moun ki bwè pwazon syani (*cyanure*). Epi bay *thiosulfate de sodium* tou. Sèl fason pou bay li se nan venn (IV). Si nou pa gen bon jan fòmasyon sou ki jan pou bay piki nan venn, pa fè l.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- Bay piki nitrite de sodium nan venn, dousman, pandan 5 - 20 minit.
- **Timoun ki poko gen 12 ane:** bay piki nan venn 4 - 10 mg pou chak kilogram pwa yon timoun. Pa bay plis pase 300 mg.
- **Plis pase 12 ane:** bay piki nan venn, 300 mg.

Lè fini, bay piki *thiosulfate de sodium*. Al gade anba.

Thiosulfate de sodium (tyosilfat sodyòm)

Thiosulfate de sodium sèvi pou trete moun ki bwè pwazon syani (*cyanure*). Epi bay *nitrite de sodium* tou. Sèl fason pou bay li se nan venn (IV). Si nou pa gen bon jan fòmasyon sou ki jan pou bay piki nan venn, pa fè l.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ Bay piki nan venn dousman, pandan 10 minit.

Timoun ki pokò gen 12 ane: bay piki nan venn, 400 mg pou chak kilogram pwa li.

Plis pase 12 ane: bay piki nan venn, 12,5 gram.

Medikaman ki pou kalme doulè ak lafyèv

Paracétamol (pi bon remèd pou timoun), *aspirine*, ak *ibuprofène* se medikaman ki bon pou kalme doulè ki pa twò grav, epi pou desann lafyèv. *Aspirine* ak *ibuprofène* goumen ak anflamasyon tou. Konsa yon moun ap refè pi vit. Pa egzanp, si yon moun foule je pye li, medikaman sa yo va kalme doulè a; an plis, yo va desann anflamasyon an. Men moun ki soufri ak maladi viris epi ki gen lafyèv, yo pa gen dwa pran aspirin.

Veye pou nou pa bay pi gwo dòz pase sa yo di pou nou bay la. Tout medikaman sa yo ka bay pwoblèm si yon moun pran twòp. Pa egzanp, si yon moun sèvi twòp ak *aspirine* oubyen *ibuprofène*, yo ka bay ilsè nan lestomak. Si yon moun bwè twòp *paracétamol*, se pwazon. Lè nou soufri anpil oubyen nou gen gwo lafyèv, nou ka evite pran twòp si nou pran *paracétamol* yon fwa, epi *ibuprofène* lòt fwa a.

Paracétamol, acétaminophène (parasetamòl, asetaminofèn)

Paracétamol pa koute chè; li bon pou kalme ti doulè epi pou desann lafyèv.

Atansyon

Veye pou nou pa pran plis medikaman pase sa yo di pou nou pran. Lè nou pran medikaman sa a twòp, li ka donmaje fwa a; li ka menm pote yon moun ale. Sere medikaman an kote timoun pa ka rive, sitou si se medikaman an siwo li ye.

Yo mete *paracétamol* nan anpil siwo grip. Poutèt sa, si n ap bay *paracétamol*, pa bay siwo grip. Sinon, nou ka bay twòp.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ Bay 10 - 15 mg pou chak kilogram pwa yon moun, nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 5 dòz pandan 24 èdtan. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Timoun ki pokò gen 1 ane: bay 62 mg (mwatye nan yon $\frac{1}{4}$ {ka} gress 500 mg, ki vle di 1/8, yon uityèm nan yon gress), nan espas 4 - 6 èdtan.

Timoun 1 - 2 ane: bay 125 mg ($\frac{1}{4}$, ka nan yon gress 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.

Timoun 3 - 7 ane: bay 250 mg ($\frac{1}{2}$, mwatye nan yon gress 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.

Timoun 8 - 12 ane: bay 375 mg ($\frac{3}{4}$, twa ka nan yon gress 500 mg) nan espas 4 - 6 èdtan.

Plis pase 12 ane: bay 500 - 1000 mg, nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 4000 mg nan yon jou.

Ibuprofène (ibipwofèn)

Ibuprofène bon pou trete maltèt, pou kalme doulè nan vyann ak jwenti, epi pou desann lafyèv.

Efè segondè

Ibuprofène ka bay vant fè mal. Pou diminye problèm sa a, bwè li ansanm ak lèt oubyen ak manje.

Atansyon ▲

Moun ki fè alèji ak aspirin pa gen dwa pran *ibuprofène* nonplis. Gen de moun, depi yo fè alèji ak youn, y ap fè alèji ak lòt la tou. Pa bay *ibuprofène* pou vant fè mal, ni pou lestomak chaje. Se yon asid li ye, ki ka fè pwoblèm lan vin pi mal. Poutèt sa, yon moun ki soufri asid pa dwe jam pran li. Pa bay tibebe li ki poko rive nan laj 6 mwa, epi pa bay fanm ansent li pandan dènye 3 mwa gwosè s yo.

Ki jan pou nou sèvi avè I

→ Bay 5 - 10 mg pou chak kilogram pwa yon moun. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:

Tibebe 6 mwa - 1 ane: bay 50 mg nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 1 - 2 ane: bay 75 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 2 - 3 ane: bay 100 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 4 - 5 ane: bay 150 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 6 - 8 ane: bay 200 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 9 - 10 ane: bay 250 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Timoun 11 ane: bay 300 mg, nan espas 6 - 8 èdtan.

Plis pase 12 ane: bay 200 - 400 mg, nan espas 4 - 6 èdtan.

Pa bay plis pase 40 mg pou chak kilogram pwa yon moun, pandan 24 èdtan. Pa bay plis pase 4 dòz nan yon jou. Pa bay li pandan plis pase 10 jou youn apre lòt.

Aspirine, acide acétylsalicylique (aspirin)

Aspirine pa koute chè; li bon pou kalme ti doulè epi pou desann lafyèv.

Efè segondè

Aspirine ka bay vant fè mal ak doulè anba kè. Pou evite sa, bwè aspirin ak lèt, ak yon ti gout bikabonat, ak anpil dlo—oubyen ansanm ak gwo manje.

Atansyon ▲

- Pa bay aspirin pou vant fè mal, ni pou lestomak chaje. Se yon asid li ye, ki ka fè pwoblèm lan vin pi mal. Poutèt sa, lè yon moun gen ilsè nan lestomak, li pa dwe jam sèvi ak aspirin.
- Lè yon moun manke dlo nan kò li, pa ba li plis pase yon sèl dòz aspirin, jis nou wè li ka pipi byen.
- Li pi bon pou nou pa sèvi ak aspirin pou timoun ki poko gen 12 ane, sitou pa pou tibebe (*paracétamol* pi bon). Moun ki soufri opresyon pa gen dwa sèvi avè I (li ka bay yon kriz opresyon). Pa bay timoun ki gripe aspirin paske sa ka bay pwoblèm.

- Toujou sere aspirin kote timoun pa ka jwenn yo. Lè yon moun pran medikaman sa a twòp, li ka tounen pwazon.
- Fam ki gwo vant pa dwe pran aspirin.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ **Timoun 1 - 2 ane:** bay 75 mg, nan espas 6 èdtan.
- Timoun 3 - 7 ane:** bay 150 mg, nan espas 6 èdtan.
- Timoun 8 - 12 ane:** bay 300 mg, nan espas 6 èdtan.
- Plis pase 12 ane:** bay 300 - 600 mg, nan espas 4 - 6 èdtan.

Pa bay plis pase 2400 mg nan yon jou. Pa bay timoun plis pase 4 dòz nan yon jou.

Pou kriz kè (kriz kadyak)

- ➔ Bay 300 - 325 mg nan bouch, touswit. Fè li kraze l nan bouch li epi vale l.

Codéïne, sulfate de codéïne (kodeyin)

Codéïne se yon medikaman ki soti nan fanmi opyòm, ki bon pou kalme gwo doulè. Sèvi avè l sèlman lè lòt medikaman, ki pa sì fò, pa ka kalme doulè a.

Efè segondè

Li ka fè moun sere (watè a di anpil). Lè yon moun kòmanse pran medikaman sa a, li ka gen difikilte pou li fè pipi. An plis, li ka bay kè plen, vomisman, gratèl, ak maltèt.

Atansyon ▲

- Codéïne se yon medikaman, lè moun kòmanse pran li, yo gen dwa santi fòk yo pran li toutan. (Yo rele sa adiksyon oubyen depandans.) Pa sèvi avè l souvan, ni pandan yon tan ki twò long.
- Pa bwè alkòl pandan n ap pran medikaman sa a. Genyen gwo danje nan sa; li ka menm pote yon moun ale.
- Codéïne fè lespri ak reyaksyon yon moun vin lou. Pran prekosyon lè nou kondwi machin, oubyen lè nou fè lòt bagay ki mande pou nou rete veyatif anpil.
- Lè nou vle sispann pran li, desann dòz la yon ti kras chak jou. Si yon moun sispann pran li yon sèl kou, li gen pou travèse yon moman difisil, yon moman kote kò li poko dezabitye ak medikaman an.
- Moun ki fè alèji ak morphine pa gen dwa sèvi ak codéïne.
- Fam ki gwo vant ak fam k ap bay tete pa gen dwa sèvi ak codéïne.

Ki jan pou nou sèvi avè l

- ➔ Bay codéïne ansanm ak manje.
- Timoun 3 - 6 ane:** bay $\frac{1}{2}$ - 1 mg nan bouch, pou chak kilogram pwa yon timoun, nan espas 4 - 6 èdtan.
- Timoun 7 - 12 ane:** bay 15 - 30 mg nan bouch, nan espas 4 - 6 èdtan.
- Plis pase 12 ane:** bay 15 - 60 mg nan bouch, nan espas 4 - 6 èdtan. Pa bay plis pase 360 mg nan yon jou.

Morphine, Sulfate ou hydroxide de morphine (mòfin)

Morphine se yon medikaman ki soti nan fanmi opyòm, ki bon pou kalme gwo doulè.

Atansyon

- *Morphine* se yon medikaman, lè moun kòmanse pran li, yo gen dwa santi fòk yo pran li toutan. (Yo rele sa adiksyon osinon depandans.) Pa sèvi avè l souvan, ni pandan yon tan ki twò long.
- Pa bwè alkòl pandan n ap pran medikaman sa a. Genyen gwo danje nan sa; li ka menm pote moun ale.
- *Morphine* fè lespri ak reyakson yon moun vin lou. Pran prekosyon lè nou kondwi machin, oubyen lè nou fè lòt bagay ki mande pou nou rete veyatif anpil.
- Lè nou vle sispann pran li, desann dòz la yon ti kras chak jou. Si yon moun sispann pran li yon sèl kou, li gen pou travèse yon moman difisil, yon moman kote kò li poko dezabitye ak medikaman an.
- Moun ki fè alèji ak *codéïne* pa gen dwa sèvi ak *morphine*.
- Fam ki gwo vant ak fanm k ap bay tete pa gen dwa sèvi ak *morphine*.

Ki jan pou nou sèvi avè l

Pou gwo doulè

- ➔ **Tibebe ki pokò gen 6 mwa:** bay 0,1 mg pou chak kilogram pwa tibebe a, nan espas 3 - 4 èdtan.
- Tibebe ki plis pase 6 mwa:** bay 0.2 - 0.5 mg nan bouch, pou chak kilogram pwa tibebe a, nan espas 4 - 6 èdtan, si nou wè li nesesè.
Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:
- ➔ **Tibebe ki pokò gen 6 mwa:** bay 0,5 mg nan bouch, nan espas 3 - 4 èdtan.
Timoun 6 mwa - 1 ane: bay 2 mg nan bouch, nan espas 4 - 6 èdtan.
Timoun 1 - 5 ane: bay 3 mg nan bouch, nan espas 4 - 6 èdtan.
Timoun 6 - 12 ane: bay 8 mg nan bouch, nan espas 4 - 6 èdtan.
Plis pase 12 ane: bay 10 - 30 mg nan bouch, nan espas 4 èdtan.

Pou kriz kè

- ➔ Bay piki 10 mg nan vyann, dousman, pandan 5 minit (2 mg chak minit). Bay yon lòt dòz 5 - 10 mg si nou wè li nesesè.

Medikaman ki pou andòmi chè a

Lidocaïne, lignocaïne (lidokayin, liyokayin)

Lidocaïne se yon anestezi, yon medikaman ki pou andòmi chè a. Lè nou gen pou netwaye oubyen koud yon blesi, bay piki *lidocaïne* sou tout rebò blesi a, pou mouri tout zòn nan nèt.

Jeneralman, nou jwenn *lidocaïne* nan solisyon 2% (pousan), ki vle di, gen lidocaïne 20 mg nan chak mililit. Si solisyon nou genyen an pa gen 20 mg nan chak mililit, kalkile konbyen mililit ap bay menm dòz la.

Ki jan pou nou sèvi avè I

- Bay piki *lidocaïne*, nan espas 1 santimèt konsa, sou tout rebò blesi a, oubyen nan zòn kote nou pral koupe oubyen mete pwen kout yo, pou mouri tout zòn nan nèt. An premye, byen netwaye po a; apre sa, bay piki dousman jis anba po a. Bay yon mililit anestesi konsa pou chak 2 santimèt po. Pa bay plis pase 20 milllit.

Medikaman ki pou kalme moun

Diazépam (dyazepam)

Nou ka sèvi ak *diazépam* pou detann vyann yo epi pou kalme doulè. Epitou, nou ka sèvi avè I pou rete yon kriz. Men yon moun ki konn fè kriz malkadi tanzantan gen pou I pran yon lòt kalite remèd chak jou.

Efè segondè

Dòmi nan je.

Atansyon ▲

- Lè nou bay twòp *diazépam*, li ka ralanti souf yon moun jis li rive koupe souf la. Pa bay pi gwo dòz pase sa ki ekri anba. Pa bay plis pase 2 dòz nan yon jou.
- Diazépam* se yon medikaman, lè moun kòmanse pran li, yo gen dwa santi fòk yo pran li toutan. (Yo rele sa adiksyon oubyen depandans.) Pa sèvi avè I souvan, ni pandan yon tan ki twò long.
- Fam ki gwo vant ak fanm k ap bay tête pa gen dwa pran li, sòf si yon fam ki gwo vant fè kriz nan dènye mwa gwo-sès li (eklanpsi).
- Pa bay piki *diazépam* si nou pa gen bon jan fòmasyon. Li difisil anpil, epi gen danje nan sa. Lè yon moun ap fè kriz, olye bay piki, bay *diazépam* nan twou dèyè a (al gade nan paj 87).

Ki jan pou nou sèvi avè I

Pou detann vyann kò a epi kalme yon moun

- Bay *diazépam* nan bouch 45 minit anvan nou pral fè yon bagay ki ka fè mal, pa egzanp, anvan nou mete yon zo ki kase oubyen yon èni nan plas li.
Bay 0,2 - 0,3 mg pou chak kilogram pwa yon moun. Si pa gen balans, bay dòz la selon laj li:
Timoun ki pokò gen 5 ane: bay 1 mg.
Plis pase 5 ane: bay 2 mg.

Pou rete yon kriz

- Sèvi ak *diazépam* likid (ki pou fè piki), oubyen kraze gress *diazépam* melanje I ak dlo. Wete zegwi ki nan sereng lan. Rale medikaman an ak pwent sereng nan, epi mete I nan twou dèyè a. Oubyen sèvi ak jele *diazépam* ki pou mete nan twou dèyè a. Vire moun nan sou kote. Avèk yon sereng san zegwi, mete medikaman an nan twou dèyè a. Sere dèyè li pandan 10 minit, pou medikaman an pa p koule soti.

Timoun ki pokò gen 7 ane: bay 0,2 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, yon sèl dòz.

Timoun 7 - 12 ane: bay 3 - 5 mg, yon sèl dòz.

Plis pase 12 ane: bay 5 - 10 mg, yon sèl dòz.

Lè 15 minit fin pase depi nou bay medikaman an, epi kriz la pokò rete, bay yon lòt dòz. Pa bay plis.

Lorazépam (lorazepam)

Lorazépam sanble anpil ak *diazépam*. Nou ka sèvi avè l pou detann vyann yo, epi pou kalme yon moun. Nou ka sèvi avè l pou rete yon sèl kriz. Men yon moun ki konn fè kriz malkadi tanzantan gen pou l pran yon lòt kalite remèd chak jou.

Efè segondè

Dòmi nan je.

Atansyon ▲

- Lè nou bay twòp *lorazépam*, li ka ralanti souf yon moun jis li rive koupe souf la.
- *Lorazépam* se yon medikaman, lè moun kòmanse pran li, yo gen dwa santi fòk yo pran li toutan. (Yo rele sa adiksyon oubyen depandans.) Pa sèvi avè l souvan, ni pandan yon tan ki twò long.
- Fanm ki gwo vant ak fanm k ap bay tete pa gen dwa pran li, sòf si yon fanm ki gwo vant fè kriz nan dènye mwa gwosès li (eklanpsi).
- Pa bay piki *lorazépam* si nou pa gen bon jan fòmasyon. Li difisil anpil, epi gen danje nan sa. Lè yon moun ap fè kriz, se pou nou bay li nan twou dèyè a (al gade nan paj 86).

Ki jan pou nou sèvi avè l

Pou detann vyann kò a epi kalme yon moun

➔ Bay *lorazépam* nan bouch 45 minit anvan nou pral fè yon bagay ki ka fè mal, pa egzanp, anvan nou mete yon zo ki kase nan plas li.

Timoun 1 mwa - 12 ane: bay 0,05 mg pou chak kilogram pwa yon timoun, yon sèl fwa.

Plis pase 12 ane: bay 1 - 2 mg, yon sèl fwa.